

## ФÆНДОН ÆЙ ГЪУДДАГÆН Æ РАЙДАЙÆН ДÆР ÆМА Е ‘НТÆСТ ДÆР ÆЙ!..

***Александр КУПРИН (1870-1938), номдзуд уруссаг финсæг: «Æвзаг æй адæми истори. Æвзаг æй цивилизаций æма культури над. Уомæ гæсгæ æвзаг ахур æма гъæуай кæнуни гъуддæгутæ евдæлон рæстæги аразгæ нæ ‘нцæ, фал аллибони æвæлмæцгæ кусти фæрци...» Мах ба еу бон (15 майи) райаразæн нæ маддæлон æвзаг æма литератури Бон, æма уомæй ниббоз уогæй, фенгъæлæн: уойиадæбæл не ‘взаги карнæ æдас æй...***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№5-6 (832) 2022 анзи 28 февраль – комахсæни мæйæ

Аргъ 1 туман




*Бийнонти æнгом цард, кæрæдзей лæдæрундзийнадæ æма кæрæдзебæл æновуддзийнадæ, æгъдаугин æма хе фæллойнæй фарнæхæссæг кæстæртæ... Уомæй хуæздæр ма ци гъæуй хестæрти!.. Уонæй, уæдта ма берæ æндæр райдзастдзийнæдтæй хайгин æнцæ Есенати Тæтæрхъани фурт Константин æ цардæмбал Лариси (Хадиккати Ахтемири кизгæ) хæццæ. Сæ кой ба кæнæн ахсгиаг цаумæ гæсгæ – æрæги Константинбæл исæнхæст æй дæс æма цуппаринсæй анзи. Уой фæдбæл ибæл ци берæ арфитæ исæмбалдæй, уонæмæ мах дæр, газет «Дигори» редакций коллектив, æфтауæн нæ зæрдиаг арфитæ. Æма 8-9-аг фæрстæбæл мухур кæнæн сæрмагонд æрмæг.*

### СÆРМАГОНД УАВÆРТИ



## ТУХСТ АДÆМ ÆНÆ АГЪАЗ НÆ УОДЗÆНÆНЦÆ!..

Иристони дзиллæн хъæбæр сагъæссаг æнцæ Донбасси æма Лугански республикити хæццæ баст хабæрттæ. Адæм еузæрдиуонæй аразийæй исæмбалдæнцæ Владимир Путини хъæппæреси фæрци Уæрæсе Лугански æма Донецки Адæмон Республикити хуæдбарæ паддзахæдтæбæл ке банимадта æма сæ хæццæ бадзурдтæ дæр ке исаразта, уобæл.

Растбæл нимайунцæ, еци республикити цæрæг адæми багъæуай кæнуни нисанеуæгæй сæрмагонд æфсæддон операци арæзт ке ‘рцудæй, уой дæр.

Еци республикити нури уавæртæ уæлдай сагъæссаг ба уомæй æнцæ, æма си берæ адæм – уæлдайдæр силгоймæгтæ æма сувæллæнттæ – фæлледзæги ‘нцæ. Æма сæ исиуазæг кодтонцæ куд Уæрæсей берæ регионти, уотæ Цæгат Кавкази дæр. Зæгъæн, Цæгат Иристон фусун исуодзæнæй фондзсæдæ адæймагемæн.

Уой фæдбæл æрцудæй арæзт сæрмагонд оперативон штаб. Уой æмбурдти фæййархайунцæ министрадтæ æма ведомствити разамонгутæ, уæдта тухи æма цæстдарæг структурити минæвæрттæ.

Æрæги син ци æмбурд адтæй, уоми æрдзурдтонцæ, лигъд адæми кæми æрбунæттон кæндзæнæнцæ, уобæл, æндæр уæхæн организацион фарстатæбæл.

3

### БÆРÆГБÆНТТÆ



## МАДДÆЛОН ÆВЗАГ... УОДÆН ДЕССАГДÆР ЦИ ЕС!..

Нæ абони радзубандий сæргондæн ци гъуди рахастан, е кæд нури уæнгæ дæр ахид райгъусидæ нæ газети мухургонд æрмæгути, уæддæр æй еума хатт зæгъæн. Уой дæр уомæ гæсгæ, æма зундгонд куд æй, уотемæй алли анз дæр 21 феврали бæрæггонд фæццæуй маддæлон æвзаги Æхсæнадæмон бон. Нисангонд æрцудæй 1999 анзи ЮНЕСКО-й Генералон конференций 30-аг сессий. Æ нисанеуæг æй, фесæфунæй тæссаг кæмæн æй, еци æвзæгтæ багъæуай кæнун. Е хъæбæр ахсгиаг гъуддаг æй, уомæн æма, куд нимад цæуй, уотемæй нуртæккæ алли мæйæ дæр фесæфунцæ рæстæмбес нимадæй дууæ æвзаги. Зæгъæн, нуртæккæ Уæрæсей фесæфунæй тæссаг уавæри ‘нцæ 136 æвзаги, инсæй ба нимад æрцудæнцæ æдзардбæл.

4



## ÆЦÆГ ФИНСÆГ ÆЙ АДÆМИ САГЪÆСТИ ДЗÆНГÆРÆГ!..

Еума ахсгиаг бæрæгбон бæрæггонд цæудзæнæй 3 мартъий – финсæги Еугурдуйнеуон бон. Бæрæггонд ба цæуй 1986 анзæй фæстæмæ. Уой фæдбæл, ка ‘й зонуй, уоййасæбæл агъазиау мадзæлттæ арæзт не ‘рцæудзæнæй, уæлдайдæр ба нури тæссаг эпидемиологон уавæрти. Фал æй уæддæр нæ газети ба исбæрæг кæнуни фæндæй абони мухур кæнæн нæ номдзуд финсæг, литературæртасæг, тæлмацгæнæг **Джусойти Нафийи** гъудитæ – финсæгбæл адæми рази ци ихæстæ æвæрд цæуй, æма уонæмæ гæсгæ æ цардиуагæ дæр æма е ‘сфæлдистадæ кутемæй араза, уæдта ма берæ æндæр фарстати туххæй.

2


http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru gazeta_digoria

***Нæ республики цæуй маддæлон æвзагбæл хуæздæр поэтикон уадзимис ниффинсуни фæдбæл конкурс. Карæмæ гæсгæ архайгутæ дехгонд æнцæ æртæ къуаребæл: 14-20-анздзудтæ, 21-29-анздзудтæ æма 30-35-анздзудтæ. 5 мартъий уæнгæ куститæ барветæн ес мæнæ ауæхæн адресмæ: Дзæуæгигъæу, Ватутини гъæунгæ, 51-а, кенæ электрон адресмæ: cvpvm-rsoa@mail.ru.***



# ÆЦÆГ ФИНСÆГ ÆЙ АДÆМИ САГЪÆСТИ ДЗÆНГÆРÆГ!..

***Нафийи гъудитæ ба дæнцæнæн уомæн имисæн, æма кæд еске рæстуодæй фæццардæй æма уодуæлдайæй хъазауат кодта нæ национ литератури сæрбæлтау, уæд уонæн сæ раззагдæртæй адтæй. Иннемæй ба 27 февралй адтæй æ райгурæн бон (райгурдæй 1925 анзи) æма 'й имисæн. Имисæн зæрдхъурмæй – 2017 анзи 26 июни рахецæн æй æ уæлзæнхон цардæй. Имисæн æй, уомæн æма нин ниууагъта дессаги зундгин фæдзæхститæ, æма æ Ирисгонæн хуарзи бацæуни зæрди ка 'й, е сæ гъæуама балæдæра, æ цардархайди уонæмæ гæсгæ араза æ карни хабæрттæ.***

***

Ци фæткæмæ гæсгæ тундзтæн цæрунмæ? Уоми дессагæй неци ес.

**Фиццаг** е, æма хуарзæй кæд минкъий ести исаразун дæр æй дæ бон, уæд дæхебæл макæд мацæмæй байауæрдæ.

**Дуккаг:** еске кой кæнис, уæд фиццаги-фиццаг, ранимайæ, хуарзæй имæ ци зонис, уой. Кæд имæ хуарзæй неци зонис, уæд æ кой кæнуни аккаг нæй, æма 'й нихъхъутти уадзæ.

**Æртиккаг:** дæхемæ кæд ести хуарзæй зонис, уæддæр æ кой макæд кæнæ, ходуйнаг æй. Кæд дæ ескæмæн хуарзи бацæун фæндуй, уæд имæ фауйнагæй ци ес, уой аййевæй ранимайæ, цæмæй æ сæрти рахеза æма фæххуæздæр уа.

**Цуппæрæймаг:** еске дæ фудæнæн адæми цæсти æфтауй, уæддæр ин дзуапп дæттæ хебæлхуæцгæй, ци фаутæ дæмæ хæссуй, етæ раст ке нæ 'нцæ, уой объективон хузи æвдесгæй.

**Фæндзæймаг:** ка дæ нæ уарзуй, уомæн дæр хуарзи бацо, ку ди агора, уæд. Уадзæ æма имæ æхе аййеп ходуйнаг æркæса æма фæххуæздæр уа, кæд бустæги исæфтдзаг нæй, уæд.

**Æхсæзæймаг:** кæд æцæг адæймаг дæ, уæд мастесæн ма кæнæ, ке нæ уарзис, уомæн дæр. Гæдзæ кæнун ка нæ зонуй, еудадзуг буцæу æма маст есунбæл лæуд ка 'й, е æцæг ирон лæг нæй, айдагъдæр æхе сæри кой кæнуй. Е ба ходуйнаг æй...

***

Адæми цардарæзт уæхæн æй, æма си алкæддæр сагъæссæгтæ берæ адтæй...

Мæнмæ, 1941 анзи æфсадмæ ку рандæ дæн, уæдæй фæстæмæ, сауæнгæ абони уæнгæ дæр ма дессаг кæсуй, Лермонтов 1840 анзи Кавкази адæмти хæццæ тугъди доги цæбæл дес кодта, е:

*И с грустью тайной и сердечной*
*Я думал: жалкий человек.*
*Чего он хочет!.. Небо ясно,*
*Под небом места много всем,*
*Но беспрестанно и напрасно*
*Один враждует он – зачем?..*

Æз дес кæнун Европи политикти фудзунд миутæбæл (æма айдагъ Европи? Махмæ гæсгæ, уæдта куд рабæрæг æй, уотемæй еци ардаугутæн æма хилкъахгутæн сæ «гъиггагдæр» æнцæ Америки Еугонд Штатти абони разамонгутæ – *РЕД*.). Украини Уæрæсебæл ке ардаунцæ, е дæр. Ци агорунцæ ами? Кæд сæ æндавта Украини карнæ? Ци хуæрзеуæги оххайбæл бурсуй Америкæ Сау денгизмæ, æ арæнтæй дæс мин километри æндæдæр ка 'й, еци рауæнмæ? Цæмæн сæ гъæуй тугъд, цæмæн хæссуй хæран Уæрæсемæ? Кенæ бæрæг ку æй, нур æртæ æносей дæргъи Европи политиктæ славяйнаг адæмти кæрæдзебæл ке ардаунцæ, барæй, сæхе пайдай оххайбæл, уæд æй цæмæннæ лæдæрунцæ æма нимайунцæ славяйнаг адæмти хецæуттæ æма гъуди кæнунгъон æхсæнадон архайгутæ?.. Еудзурдæй, нури доги дессæгтæ раздæри уæнттæй фулдæр æма дессагдæр æнцæ. Сæйраг дессаг ба е æй – адæймаг æма адæмтæ кæрæдзей лæдæруни гъуддаги бонвуддæр ке кæнунцæ, е. Æцæг тæссаг æма трагикон дессаг е æй...

***

Æз дзæбæх зонгæ адтæн Советон Цæдеси адæмти зонадон косгутæ æма финсгутæй берети хæццæ – уруссæгтæ, украинæгтæ, белорусæгтæ, гурдзиæгтæ, сомехæгтæ, тæтæйрæгтæ, хъазахæгтæ, таджиктæ, узбекæгтæ, молдавантæ, туркменæгтæ æма ма берæ æндæр адæмихæттити интеллигенций минæвæртти хæццæ. Уотæ, фæсарæнти славяйнаг адæмтæй ка цæруй, уони 'хсæн финсгутæ æма зонадон косгути хæццæ дæр. Дзубанди кодтон Италий финсгути хæццæ, уæдта Куби финсгутæй еуцалдæрей хæццæ. Гъе, фал мах финсгутæ æма зонади косгутæй етæ естæмæй рæвдзæдæр адтæнцæ, уой си некæд æрæстæфтæн. Аллирауæн дæр исæмбæлинæ кенæ æдзæттæ æма искурдиадæй мæгур интеллигентти хæццæ, кенæ ба æцæг зунди æма бæрзонд искурдиади хецæутти хæццæ дæр. Аци фæктæ мæ 'здахунцæ еу гъудимæ: нæ интеллигенци фæстезадбæл ку нимайæн (уой нæ финсгутæй дæр зæгъун), уæд е раст нæ уидæ. Фал нæхецæй æгæр нибboц уæн, е ба никки рæдуддæр гъуддаг уидæ. Æвæдзи, финсгутæ æма зонади косгутæбæл дзубанди ку фæццæуй, уæд, фиццагидæр, зæрдæбæл дарун гъæуй сæ искурдиадæгиндæрти нæмттæ, æма уони сæйраг æнтæститæ аййевади æма зонади.

***

Мæ мадæ æма мæ фидæй, фиццаги-фиццагдæр, ци базудтон, е адтæй: адæймаг гъæуама уа кустуарзон. Хуæнхти зийнадæгæнагæн цæрæн нæййес, судæй рамæлдзæнæй. Æ хеуæнттæ 'й, ка 'й зонуй, адæми æфсæрмийæй байуазæг кæндзæнæнцæ, уой дæр рæстæгмæ, еу анзи дæргъи, уæдта 'й етæ дæр ратæрдзæнæнцæ, лæвархуар неке гъæуй...

Мæ мадæ адтæй хъæбæр арæхстгин хуæруйнаг кæнунмæ æма æхсирфæй кæрдæг кæрдунмæ, мæ фидæ – номдзуд хуасдзау, устур зеуи дæр уидæ хуасдзаути раздзæуæг. Амонгæ мин неци кодтонцæ, фал цæстæй уидтон, сæ зæрдæмæ ци цудæй æма ци нæ цудæй нæ миутæй, уой. Æма син сæ зæрдæ естæмæй фæхходун кодтайнæ, е ба мæ æгириддæр нæ фæндадтæй. Сæ нимадæй биццеу ихæсгин адтæй гъæуи адæмæн (æрвадтæлтæн) арæхстгин æма коммæгæс цомайи биццеу ун. Æма тундзтæн, уæхæн «цурд биццеубæл» нимад цæмæй адтайнæ, уомæ. Дзурдæй мин ци амудтонцæ, уонæй гъуди кæнун дууæ хабари...

Еухатт мæ мæ мадæ рарвиста æ цæгатмæ. Цæун гъудæй еу-цуппæрдæс километри, мæнбæл ба уæд цудæй æдеугурæй дæс анзи. Мæ мадæ мин мæ дзæкъоли ниввардта фæндаггаг – еу дзол æма цихти къæрт, уæдта мин загъта:

– Еунæгæй кæрдзин хуæрун ходуйнаг æй. Ку исæстонг уай, уæд дæбæл фиццаг ка рамбæла, уомæн балигъстæ кæнæ æма дæ хæццæ къæбæр бахуæрунбæл исарази уа ескæми сауæдони рази...

Æз неци исдзурдтон, фал расагъæс кодтон: ку неке мæбæл рамбæла, уæд ци кæндзæнæн?.. Мæ мадæ мин, æвæдзи, балæдæрдтæй мæ сосæг гъуди, æма мин уотæ бакодта:

– Дæ нивонд фæуун, æмгари хæццæ ци къæбæр бахуæрай, уомæй адгиндæр неци ес зæнхæбæл...

Æ еци загъд мæ зæрдæмæ ниххизтæй тæккæ агъазиаудæр фæдзæхсти хузи, некæд ми феронх æй, куд мæ бон адтæй, уотæ 'й æнхæст кæнунбæл архайгæй...

Иннæ уæхæн фæдзæхститæй ба мæ фехæсгин кодта мæ фидæ. Цæветтонгæ, цуппар биццеуемæй нæ сабийгъæзтитæй гъазтан. Æз æма ме 'мбал хуæздæр гъазтан æма, ци дууæ биццеуей рамулдтан, етæ нæ, куд дзубандигонд адтан, уотæ нæ сæ рагъи рахæссæ-бахæссæ кодтонцæ. Мæ фидæ нæ уотемæй фæууидта æма еци хабар æ зæрдæмæ хъæбæр нæ фæццудæй. Æма... Нæ нихмæ гъазгути нин нæ рагъи исбадун кодта æма сæ фæррахæссæ-бахæссæ кодтан... Изæрæй ба мин нæхемæ карзæй загъта:

– Ескæмæй тухгиндæр дæ, уæд гъæуама еудадзуг æ рагъи бадай? Е ци хузæн рæстдзийнадæ 'й? Еске дæуæй æнарæхстдæр æй, уæд ин байамонæ хуæздæр гъазун, ду ба æ рагъи бадис!.. Ескæд ма дæ уотæ кæнгæ ку фæууинон, уæд æй зонæ, еу над дин цæттæ уодзæнæй изæрæй, нæхемæ...

Æ амунд мæмæ нерæнгæ дæр раст кæсуй: тухи фæдбæл цæунæй лæгъуздæр неци ес æмгæртти 'хсæн дæр æма адæмти 'хсæн дæр. Уотæ мæ фидæ нимадта æма ибæл минкъиййæй фæстæмæ арази адтæн æз дæр...

***

Царди хæлар ка нæ иссирдта, е удæгасæй мæрдтæмæ хæстæгдæр лæууй, хъæрæу Бибой (номдзуд таурæхъгæнæг) загъди хузæн, гъæди халæнттæмæ дæр нæййес уомæй еунæгдæр æма мæгурдæр. Мæ нимадæй, еугæр адæми 'хсæн цæрунмæ рацудтæ, уæд гъæуама агорай, иссерай хæлæрттæ. Уони иссерун æй æцæг царди бæрæггæнæнтæй еу æма ахсгиаг.

Мæн фæцæй амондгун карнæ нæ литератури: – цардтæн æма кустон мæ дууæ хестæр æнсувæри – Гафез (Гаглойти Федори) æма Плити Гриси рæвдудæй. Мæ хæлæрттæ иннæ хестæртæй адтæнцæ Ардасенти Хадзибатæр, Калоти Додик, Дзести Кудзæг, Плити Харитон, Дзугати Геуæр (Георгий), Дзадтиати Тотурбег, Дзугати Хаджумар, Бекъойти Елиоз... Ме 'мгæрттæй – Букулти Алекси, Тетцойти Таймураз, Мæргъити Къоста... Мæ кæстæртæй – Хъодзати Æхсар, Малити Васо, Джигкайти Шамил, Ходи Камал, Бицъоти Грис, Æлборти Хаджумар, Дзуццати Хадзи-Умар, Бестаути Геуæрги, Нартихти Михаил, Булкъати Михал, Хъодолати Герсан, Гуцмæзти Алеш æма... Идарддæр сæ нæбал нимайун, кенæ ба нæ финсгути номхигъд æнæгъæнæй дæр рафинсун багъæудзæнæй...

Нур мæ ку бафæрсисæ, знаг дин ка адтæй, зæгъгæ, уæд дин раттинæ цубур æма раст дзуапп: «Неке!.. Еу дæр – нæ!..» Ци 'й римæхсон, адтæй финсгути æхсæн уæхæнттæ дæр, мæнбæл хецауадæмæ сосæггай хæрани дзубандитæ ка финста.

**РЕДАКЦИЙÆЙ:** *Еци финсгутæ ин кæд зинтæ бавзарун кодтонцæ, уæддæр син Нафи ниххатир кодта сæ фудзæрдæдзийнадæ, некæд син кодта сæ фудкой, некæд си иста æ маст. Е нæ, фал син багъæуаги агъаз дæр фæккæнидæ. Зæгъæн, финсгути Цæдесмæ 'й фиццаг ке гадзирахат миуи фудæй нæ райстонцæ, е имæ æхе бахадта, Мæскуй ин мухури ци киунугæ цудæй, уомæн раздзурд ниффинсуни туххæй. Ниффинстон ин, æма си е хъæбæр фæббоз æй... Уой фæдбæл Нафи уотæ загъта: «Ниффинстон, фал е 'мгарæдзийнадæбæл ба мæ къох ракъуæрдтон...»*

*Аци цау уой æвдесæн æй, æма Нафи адтæй æцæг ирон лæг, æ цардиуагæ аразта нæ адæми æцæг æгъдаудзийнади домæнтæмæ гæсгæ. Æма фудмиутæ ин ка ракæнидæ, уонæн еци хузи дзуапп ке нæ лæвардта, ке син ниххатир кæнидæ, е дæр имæ нæ адæми бæрзонд зæрдиуагæй адтæй.*

**Зундгонд æфсæддон архайæг, инæлар-майор Къесати Кирилли фурт Алексейи райгурдбæл 28 феврали исæнхæст æй æхсæзинсæй анзи (1902-1981).**

*Леонид ЛАВРОВ (1909-1982), историон наукити доктор: «Пятигорски бабæрæг кодтон Иристони историк Борис Скитскийи. Æ косæнуати фарсбæл – Тарас Шевченкой æма Хетæгкати Къостай хузтæ. Уонæмæ амонгæй загъта: «Мæнæн дууæ уоди ес – украинаг æма кавказаг. Уарзун мæ ниййерæг Украинæ æма мæ дуккаг райгурæн бæстæ – Кавказ!..»*





# ТУХСТ АДÆМ ÆНÆ АГЪАЗ НÆ УОДЗÆНÆНЦÆ!..

Уæрæсей æнæнгъæлæги уавæрти министради Цæгат Иристони Сæйраг управлений хецау Александр Хоружий куд фегъосун кодта, уотемæй министради специалисттæ бæрæг кæнунцæ, лигъд адæм кæми æрбунæттон уодзæнæнцæ, еци объектти техникон уавæр. Иннæ ведомствити минæвæртти хæццæ æнгом æмархайд кæнгæй, лухгонд цæунцæ еугур исæвзургæ фарстатæ дæр.

Республики Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг Туйгъанти Ларисæ æ радзубандий куд баханхæ уодта, уотемæй Донбасси цæргути рæстæгмæ æрбунæттон кæнунæн нисангонд еугур пункттæ дæр цæттæ уодзæнæнцæ 10 мартъимæ. Уой хæццæ, вице-премьери игъосункæнуйнагмæ гæсгæ, фиццаг кезуй республикæ исиуазæг кæндзæнæй 500 адæймагей бæрцæ.

Республики Хецауади Сæрдар Дзанайти Барис ведомствити минæвæртти игъосункæнуйнæгтæн хатдзæгтæ кæнгæй, профилон министрадтæ æма æндæр структурити разамонгутæн байхæс кодта, цæмæй амунд пункттæ адæми райсунмæ цæттæдзийнади æмгъуд фæрраздæр кæнонцæ. Æ загъдмæ гæсгæ, еци пунктти ка косдзæнæй, еци специалисттæй уæлдай иснисан кæнун гъæуй, багъæуаги сахат уæхæн кустмæ ка бавналдзæнæй, уæхæн адæми радæхæссæг къуæрттæ дæр.

***

Донецки æма Лугански цæргути уавæр нæ республики дзиллæ сæ зæрдæмæ хæстæг ке есунцæ, е лæдæрд æй.

Еуемæй, мах адæмæн е 'гъдæутти хуарздзийнæдтæй еу æй – иуазæгуарзундзийнадæ, тухст уавæри ка бахауй, уомæн ци гæнæн æма амал уа, уомæй фæййагъаз кæнун, барæвдаун. Иннемæй ба, не 'мзæнхонтæй беретæн уоми ес хæстæгутæ, æрдхуæрдтæ. Уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 16-аг фарсбæл.



АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

# ТАРСТ АДÆЙМАГ ÆНÆУУÆНКÆ ÆЙ!..

**Дуйней исконд уæхæн æй, æма си алли доги дæр берæ фæууй адæм уæлдай хъæбæрдæр цæмæй фæттæрсунцæ, уæхæн фæззиндтитæ. Нури рæстæгути дæр аллихузон тæссагдзийнæдтæ æгæр берæ дæр ма 'нцæ. Æма абони уæрæсейæгтæ уæлдай хъæбæрдæр сæ ци тухсун кæнуй, зæгъгæ, си ке бафарстонцæ дзиллон цæстингас æртасгутæ, уони гъуди еумæйагæй рауадæй мæнæ ауæхæн.**




## ЗУНДГИН ЗАГЪД – РÆСТДЗÆВИЙНÆ!..



*Рагонкитайаг номдзуд дзурдилæг Конфуцийи æ дæсни ахурдзау Цзы-Юй базонгæ кодта еу министри хæццæ. Сæ фембæлди фæсте Конфуций ку рандæ 'й, уæд Цзы-Юй министри фæрсуй, иуазæг дæмæ куд фæккастæй, зæгъгæ. Е ин уæхæн дзуапп равардта:*

*– Конфуцийи ку рауидтон, уæд мæмæ ду бустæги минкъий зиннун байдæдтай, раст цума систæ кенæ æхсæукъæ дæ... Абони 'й паддзахмæ бахондзæнæн – уадзæ æма 'й е дæр зона!..*

*– Ма бакæнæ! – уайтæкки ин загъта Цзы-Юй. – Паддзах Конфуцийи ку фæууина, уæд имæ ду дæр систæ кенæ æхсæукъи хузæн зиндзæнæ!..*

*Министр рагъуди кодта æма æ фæндæ райййивта.*

***

Уотæ уæмæ нæ кæсуй, æма нури фæткитæ ка аразуй, уонæн дæр зундгонд æй аци хабар. Уомæн æма паддзахеуæггæнæг хецаумæ æ фæсдзæуинттæ æгириддæр хæстæг нæ уадзунцæ, уонæй зундгиндæр æма арæхстгиндæр ка 'й, уони. Æма хецау дæр фенгъæлуй, æ алфамбулай ка 'й, уонæй хуæздæртæ нæййес. Уæхæн рæдуд гъудий фæстеугутæ ба бæлвурд æнцæ: æнарæхстгитæ гъуддæгутæ хузæнонæй райаразунгъон нæ фæуунцæ. Уогæ сæ бустæги æнарæхсгитæ исхонун дæр не 'нгъезуй. Ци бæрнон бунæттæ фæййахæссунцæ æма син ци ахсгиаг паддзахадон гъуддæгутæ ихæсгон фæуунцæ, уони æгæр арæхстгинæй дæр ма райаразунцæ айдагъдæр сæхе æма сæ хеуæнтти пайдайæн. Уой фæдбæл дæнцитæ ба – гъæуй дæ æма гъæуй! Дзиллон хабархæссæг фæрæзнити алли бон дæр бакæсæн ес уæхæн игъосункæнуйнæгтæ.



**ПИФАГОР, рагонбердзейнаг номдзуд дзурдилæг: «Цард театрæй уæлдай нæй: æнаккаг адæймæгутæ си ахид байахæссунцæ хуæздæр бунæттæ...»**

Æцæгæйдæр уотæ ке 'й, е уæлдай бæрæгæй-бæрæгдæр иссæй абони. Царди тæккæ хуæздæр бунæттæ, гъома, тæккæ пайдайагдæр бунæттæ байахæстонцæ тæккæ нецæййагдæртæ. Уогæ етæ æхсæнади гъуддæгутæ рæвдзæдæр кæнунæй бæрнон уогæй, еци ихæс æнхæст кæнунмæ нецæййаг æнцæ, æндæр ба сæхе пайдайæн паддзахадон есбонадæбæл æдзæсгонæй хæлæф кæнунмæ ба æгæр естæййаг дæр ма æнцæ.

**Уильям ШЕКСПИР (1564-1616), англисаг драматург: «Денгизи кæсæлгитæ дæр адæмæй уæлдай нæ 'нцæ: устурдæртæ хуæрунцæ минкъийдæрти...»**



Уотæ ба уæмæ нæ кæсуй, æма нæ абони цардиуаги дæр, цидæр налатдзийнæдти фæрци ка «раустур» æй, етæ цæмæдессаг цæргути хуæрунбæл æгæр ке фæццалх æнцæ, уомæ гæсгæ фæннезгун æнцæ сæ тогцъухдзийнадæй дæр: сæ зæрдидзæбæхæн «мурст кæнунцæ» сæ алфамбулай зæнхон цæргутæй си ка минкъийдæр æй, уони – гъома, хумæтæг, æхе фæллойнæй цæрæг адæми!



**Борис КРУТИЕР, дохтир-кардиолог: «Æнæбазур адæймæгутæ сæхе ахид изæдтæ фæххонунцæ...»**

Æма сæбæл, дессагæн, мах дæр бауæндæн. Кæд мах «æууæнки» фæрци нæ, уæд мадта изæддзийнадæй æгириддæр кæмæ неци ес, етæ кутемæй исунцæ депутаттæ, сенатортæ, хецæуттæ?.. Æрæгиау ма бæргæ балæдæрæн нæ рæдуд, бæргæ фæффæсмон кæнæн, фал байрæги уй – еци «изæдтæ» æгæр æрфедар унцæ изæдон къæлæтгинти... Æма уордигæй бæргæ разиннуй сæ сайтандзийнадæ, фал, куд фæззæгъунцæ, фæрæтæй ма донмæ лæборæ...

**Алли анз дæр 2 мартъий бæрæггонд цæуй цæмæдессаг бæрæгбон – сирникки Æхсæнадæмон бон. Æвæдзи, е раст æй – æности дæргъи сирник æй адæймаги цардиуаги ахсгиагæй гъæугæ дзаумау.**

***Николай РЫЛЕНКОВ (1909-1969), номдзуд украинаг поэт: «Фидтæлтæй нин байзадæй, аргъ кæмæн нæййес, уæхæн агъазиау лæвар: æвзаг. Райгурæн бæстæ нæ зæрдæмæ куд арф есæн, уотæ арф есæн æвзаг дæр. Е цæуй фæлтæрæй-фæлтæрмæ, мади æхсири хузæн нæ бауæри, нæ тоги рагъаруй. Фал имæ еудадзуг зелун гъæуй, гъомбæл кæнун***



# МАДДÆЛОН ÆВЗАГ... УОДÆН ДЕССАГДÆР ЦИ ЕС!..

Еуæй-еу адæмихæттити маддæлон æвзæгти тæссаг уавæр нимайгæй, сæ сæрбæлтау нисангонд Æхсæнадæмон бонæн æ ахедундзийнадæ исагъазиау кæнун бæргæ уæлдай ахсгиаг æй, фал...

Махмæ гæсгæ, аци бæрæгбон æнгъизтæй цидæр хабæрттæй исбæрæг кæнун – зæгъæн, маддæлон æвзагбæл ци мухури фæрæзнитæ уагъд цæуй, уонæн фæййагъаз кæнун сæ берæ сагъæссаг фарстатæ райаразунæй, адæми 'рдигæй ба – бæргæ хуарз адтайдæ еци газеттæ æма журналтæ дзиллонæй рафинсун.

Аци фæндæ фиццаг хатт нæ зæгъæн, фал нæ игъосæг ба, гъулæггагæн, нæййес. Уомæн æвдесæн – дигорон æвзагбæл ци еунæг газет «Дигорæ» цæуй, уой тираж: æдеугурæй æй рафинсунцæ 300-350 адæймаги. Гæрр, нæ Дигори дзилли нæ маддæлон æвзаг уал адæймагемæй уæлдай некебал гъæуй? Æ зæгъун дæр зин æй, фал, æвæдзи, уотæ 'й. Æма ма уæд, уоййасæбæл сæрустурæй нæхе ци дигорондзийнадæй фестауæн, е ци амонуй?..

Уогæ, ка 'й зонуй, иннетæ уотæ дæр æнгъæлунцæ æма маддæлон æвзаги сæрбæл айдагъ мах ан сæрбæлдзорæг. Баруагæс уи уæд, дуйней иннæ адæмихæттити дзурддзæугæдæр адæймæгутæн дæр сæ маддæлон æвзаги карнæ сагъæссаг æй, зæрдиагæй дзорунцæ æма архайунцæ, цæмæй си алкæмæн дæр æ маддæлон æвзаг цæра æма æнтæстгинæй ирæза. Дæнцæн уин æрхæсдзинан уонæй еуæй-еуети гъудитæ.



**Данте АЛИГЬЕРИ (1265-1321), итайлаг поэт**

Ходуйнаг æма аллайаги игакæ æвæрун, æцæгæлон æвзаг ка æстауй, æхеуонбæл ба билæскъелтæ ка кæнуй, еци фæрсмæзунд, адæймагбæл. Æз федарæй зæгъун: етæ уæхæн галеу надбæл ке æрлæуунцæ, уомæн ес фондз илгъаг рæуаги. Фиццаг – хъæрæу ке 'нцæ, адæймаги гæнæнтæ æма гъомус рахатун ке нæ фæразунцæ, е; дуккаг – хийнæйдзаг ке 'нцæ, е; æртиккаг – кадæмæ сæ бицъинæг ке тонунцæ, е; цуппæрæймаг – хицæ ке кæнунцæ, е; фæндзæймаг æма фæстаг – цъамар удтæ син ке ес, æнæнифс ке 'нцæ, е.

...Мæ маддæлон æвзаг мæ ракодта, алцæмæй æнхæст унæн фадуат ка дæттуй, еци зунди надмæ. Æнæгурусхаг æй æма 'й мæхуæдæг бавзурстон: æвзаг мин иссæй тæккæ устурдæр хуæрзгæнæг.



**Томас ЭЛИОТ (1888-1965), америкаг финсæг**

Æцæгæлон æвзагæй дæ гъуди ку зæгъай, уæддæр дин æхе нæ райеввдзæнæй, фал дæ сагъæстæ, дæ кемæнтæ æцæгæлон æвзагæй æвдесгæй ба етæ фендæрхузон уодзæнæнцæ... Еудзурдæй, кемæн æма сагъæсæн тæккæ хуæздæр равдесæн ес хе 'взагæй.

Хъæбæр ка райрæстæй, уæхæн æвзагæн фесæфæн нæййес, адæмæн сæхе ку нæ фесафай, уæд.



**Расул ГАМЗАТОВ (1923-2003), Дагестани адæмон поэт**

Мæнмæ адæмти æвзæгтæ кæсунцæ, арвбæл ци стъалутæ ес, уони хузæн. Мæн нæ фæндуй, цæмæй стъалутæ байеу уонцæ æма си рауайа, арви æмбес ка ахæссуй, уæхæн агъазиау стъалу. Ес хор. Уадзæ æма уонцæ стъалутæ дæр. Уадзæ æма алли адæмæн дæр уа æхе стъалу.

Кæмæндæрти кедæр æвзаг – æвдадзау,
Нивæндунцæ ибæл зæрдæрайгæ сæ зард.
Кæд исон æрцæудзæнæй ме 'взагæн æ адзал,
Уæд нæбал гъæуй мæн абони дæр мæ цард.



**АБАЙТИ Васо (1900-2001), номдзуд ахургонд**

...Ирон æвзаг æй, гъудий æма æнкъарæни тæккæ листæгдæр æма ездондæр фæззелæнтæ равдесунмæ ка арæхсуй, уæхæн æнайиеп, рæвдзæ æма коммæгæс хотух.

Ирон интеллигенций еу хай билæскъелæй кæсун райдæдта маддæлон æвзагмæ, æма беретæ сауæнгæ сæ бийнонти 'хсæн дæр нæбал дзорунцæ сæхе æвзагбæл. Е адæймаги æфтауй катайбæл. Хецæн цæрæгойтæ æма зайæгойтæ дæр ма Сурх киунугумæ хаст ку цæунцæ æма сæ багъæуай кæнунбæл зæрдиагæй ку косунцæ, уæд æвзаг – алли адæймагæн дæр æ хъазар культурон хæзна – цæмæннæ цæуй гъæуайгонд цæстигагуй хузæн: Пушкини рæстæги ка цардæй, еци поэт П.А. Вяземский кæд æма кæд ниффинста:

Язык есть исповедь народа,
В нем слышится его природа,
Его душа и быт родной.

Адæми дех кæнæн ес устуртæбæл æма минкъийтæбæл. Æвзæгтæн уотæ дех кæнæн нæййес. Алли æвзаг дæр æ адæмæн устур æй. «Махæй алкæбæл дæр ес бæдоли ихæс, ци адæм нæ исæнтæсун кодтонцæ, тæккæ устурдæр есбонадæ – æвзаг – нин ка нииуагъта, уой размæ: гъæуама 'й кæдзос дарæн, гъæуама 'й гъæздугдæр кæнæн. Ахсгиаг гъуддаг æй гæнæн æма амалæй аллихузон æвзæгтæ фулдæр багъæуай кæнун» (Чингиз Айтматов. «Литературная газета», 13.08.86).

Национ хелæдæрундзийнадæн национ æвзæгтæй хецæнгæнæн нæййес. Ескæци æвзаг ку рамæла, уæд рамæлдзæнæнцæ адæм дæр (куд хецæн этнос). Бустæги хуæдхуз ка 'й, хуæндбундор кæмæн ес, уæхæн адæмтæ мæлонцæ, е ба ке бафæнддзæнæй? Неке, æ сæрæй æ къæхти уæнгæ расист ка 'й, айдагъ уæхæнтти.



**Ованес ТУМАНЯН (1869-1923), сомехаг поэт**

Æвзаг æй, алли адæм дæр цæй фæрци цæрунцæ æма 'нцæ, уæхæн ахсгиагдæр уедагæ, сæ хуæдбундоради æма генийи ирддæр бæрæггæнæн, истори æма идард кæддæри дзамантæ байгон кæнунæн æмбесонди дæгъæл, уоди гъæздугдзийнæдтæн, есбонтæн сæ тæккæ ахедгæдæр, фæрнгундæр, цæветтонгæ, адæмæн сæ уод æма сæ психологи.



**Федор ДОСТОЕВСКИЙ (1821-1881), уруссаг финсæг**

Мæнмæ æгириддæр дессаг нæбал кæсуй, уруссæгтæ кæрæдземæ уруссагау ке нæ дзорунцæ, е (æнæхур хабар уидæ, уруссагау ку дзориуонцæ, уæд). Дессаг æндæр гъуддаг æй: уотæ сæмæ кæсуй, цума францугагау хуарз дзорунцæ. Ка нин нитъæунста нæ сæрги еци гъуди? Е айдагъдæр не 'нæфæууиндбæл дзорæг æй. Французагау ка дзоруй, еци уруссæгтæ (гъома, нæ интеллигенций агъазиау хай) дех кæнунцæ дууæ къуаребæл: еуетæ французаг æвзаг лæгъуз ке зонунцæ, е гурусхаг нæй; иннетæ ба уотæ æнгъæлунцæ, цума æцæг парижæгтау дзорунцæ.(...) Никки ма илгъаг е æй, æма, фæсдзæуинтти цармæстъигъд бакæнгæй, сæхецæй боц æма сæрустур ке 'нцæ (дууæ къуари дæр. – *Ред.*) Уонæн се 'взаг цардæгас нæй, фал мард, аразгæ, фантастикон.

**РЕДАКЦИЙÆЙ.** *Нур, цума, гениалон уруссаг финсæг абони ирæнтти уавæрмæ ку 'ркæсидæ, уæд ци зæгъидæ? Æ маддæлон æвзагбæл дзорун ка не 'ндеуй, æ сæрмæ 'й ка нæ хæссуй, билæскъелтæ ибæл ка кæнуй, уруссаг æвзаг дзæбæх ка нæ зонуй, уруссаги хæццæ ма 'й хæлæмулæ кæнуй, еци ирæнттæ имæ æвæдзи бустæги гъæддæгтæ фæккæсиуонцæ...*



**Евгений ТРУБЕЦКОЙ (1863-1923), уруссаг философ**

«Æвæлмæсæй æхе Мессия ка 'нгъæлуй» æма иннæ адæмти рази æхе æсхъæлæй ка даруй, гъома, æз сумахæй уæлдæр дæн, зæгъгæ, еци адæм еу гъуддаг нæ лæдæрунцæ – еци-еу рæстæг Киристей æма Вельзевули менеугæй хагин ке 'нцæ, уой. Изæдбæл уасæнги къæхтæ ке ес, уой ку нæ уинай æма 'й ку исдзурдтаг кæнай, уæд дæ цæститæ хъæбæр сахъат æнцæ æма син хуасæ кæнун гъæуй.



**Аветик ИСААКЯН (1875-1957), сомехаг финсæг**

Литературæн райгурæн бæстæ нæййес, зæгъгæ, еци гъудий хæццæ арази дæн. Фал алли райгурæн бæстæн дæр ес, байевæн кæмæн нæййес, уæхæн литературæ. Уоми ес нæ уод, нæ бæстæ, нæ дзурдтæ, нæ зар, нæ хуæнхти фарнæ, нæ сауæдæнтти унæр, нæ деденгути хуæрздæф.



**Дмитрий ЛИХАЧЕВ (1906-1999), номдзуд ахургонд**

Адæмæн æ тæккæ агъазиаудæр есбойнадæ исхонæн ес, ци 'взагбæл дзоруй, финсуй æма гъуди кæнуй, уой. Аци факт еугуремæй ахсгиагдæр, ахедгæдæр æй. Адæймаг æхе зонунгъон ку фæууй, уæдæй фæстæмæ æ маддæлон æвзаги хæццæ æмцуд фæккæнуй. Эмоцитæ, æнкъарæнтæ нин фæаййевдæр, фæхххузæнондæр кæнунцæ нæ гъудитæ, фал еци гъудитæ еугурдæр кæрæдзебæл баст цæунцæ æвзаги фæрци.

Адæймаг циуавæр зунд æма уоди хецау æй, уой базонун дæ ку фæндæуа, уæд багъосæ, куд дзоруй, уомæ. Адæймаг æхе куд даруй, куд цæуй, ци миутæ кæнуй, уомæ гæсгæ ин искæнæн аргъ æма еуæй-еу хатт фæррæдуйæн. Æвзаг ба нин берæ бæлвурддæрæй равдесуй адæймаги менеугутæ æма культурæ.

Мадта адæмæн е 'взаг æй æ культурæ 'вдесæг, хецæн адæймагæн е 'взаг æ менеугутæ 'вдесæг куд æй, уотæ.

**РЕДАКЦИЙÆЙ.** *Маддæлон æвзагæн е 'нæмæнгæ гъæугæдзийнадæ берæ цæмæйдæрти æй. Зæгъæн, уомæй ахедгæдæр фæрæзнæ нæййес нæ адæмон исфæлдистади фарнæ багъæуай кæнуни. Е ба хъæбæр ахсгиаг æй – е æй зунди æма нифси сауæдонæ. Уой тухххæй æрмæг кæсетæ мæнæ иннæ фарсбæл.*

**Советон Цæдеси Компартий Центрон Комитет 1954 анзи 2 мартъий рахаста унаффæ – зæрæстон зæнхитæ æрхеуон кæнуни тухххæй. Еци гъуддаги разæнгардæй архайдтонцæ Цæгат Иристони фæсевæд дæр.**

***æй гъæуй сауæнгæ æ райгурцæй фæстæмæ. Фидибæстæ базонуни гъуддаг райдайуй æвзаг базонунæй. Æз хъæбæр арфиаг дæн мæ ахургæнгутæй, дзурдæй пайда кæнун мин ке байамудтонцæ айдагъ уой туххæй нæ, фал, фиццаги-фиццаг, уой туххæй æма мин дзурдæн æ азæлд, æ адæ, æ хуæрздæф ке банкъарун, бауарзун кодтонцæ.***



# ÆМБЕСОНДХÆССÆГ – ЗУНДАМОНÆГ



**ТМЕНАТИ Дзерассæ,**
филологон
наукити кандидат

Нæ адæм дæр дуйней иннæ адæмихæттити хузæн сауæнгæ недзамантæй фæстæмæ сæ гъудитæ, сæ зæрдиуагон гъудитæ æма монцтæ æвдистонцæ дзурди фæрци. Финсуйнадæ ку нæма адтæй, уæддæр цъухæй-цъухмæ, фæлтæрæй-фæлтæрмæ лæвардтонцæ сæ зартæ, кадæнгитæ, таурæхътæ, аргъæуттæ, æмбесæндтæ... Уонæми бæлвурд зиндтæнцæ адæмæн сæ зундирахаст, сæ зæрдихатт, сæ цардиуаги уавæртæ, сæ бæлдитæ, сæ цийнæ, сæ маст...

Адæмон исфæлдистадæ цæйбæрцæбæл берæкъабазгун æй, уой бавдесунæн агъазиау дзубанди гъæуй, уомæн ба багъæудзæнæй еу нæ, фал цалдæр хецæн уаци. Æма мæ абони зæгъуйнæгтæ 'нцæ æмбесæндти туххæй. Уонæй алкæцидæр рантæстæй адæмæн æхе царди ести цауи бундорбæл æма æвдесуй адæймаги рахастдзийнадæ æ алфамбулай царди фæззиндтитæмæ, æрдзæмæ, æхсæнади искондi менеугутæмæ...

Алли æмбесонд дæр, æвæдзи, фæззиндтæй бæлвурд адæймаги æргъудиддзийнади фæрци, фал циргъ æма зундгин загъд уайтæккæдæр фæххæлеу уй адæми 'хсæн, æма е 'ргъудигæнæги ном бæрæг дæр нæбал фæуууй...

Уой хæццæ ба уой дæр зæгъун гъæуй, æма æмбесæндтæй беретæн сæ фæззинди фæдбæл ес, адæми гъудимæ гæсгæ, бæлвурд хабæрттæ. Зæгъæн, ес уæхæн æмбесонд: «Иуазæг – Хуцауи иуазæг...» Кутемæй равзурдæй, уой фæдбæл байзадæй уæхæн хабар. Цæветтонгæ, раги дзамани, дан, Хуцау адæми исхайгин кодта ес-бесæй, бæркадæй æма син ниффæдзахста, цæмæй сæмæ кайфæнди ку бацæуа, уæддæр е уодзæнæй Хуцауæй æрвист, æма син Хуцау ци бæркад равардта, уомæй æй гъæуама исбоц кæнонцæ.

Рæстæгæй-рæстæгмæ Хуцау зæнхæмæ Уасгергий æрвиста, цæмæй æркæса, адæм ин æ фæдзæхст куд æнхæст кæнунцæ, уомæ. Уасгерги, дан, еске хузи рацæуидæ æма зилдæй адæмбæл. Ка 'й нæ исиуазæг кæнидæ, уони Хуцау æ ес-бесæй æнæхай фæккæнидæ. Аци хабар æй аргъæутти дæр, уæдта берæ адæмон зарти дæр.

Иуазæг айдагъ хеуæнттæ-хæстæгутæмæ нæ цудæй, фал ин бустæги æнæзонгæ ка уидæ, уæхæн адæммæ дæр æма уони ихæс дæр адтæй уой исбоц кæнун. Æвæдзи, уомæ гæсгæ фæззиндтæнцæ мæнæ ауæхæн æмбесæндтæ дæр: «Иуазæг зин дарæн æй...», «Иуазæг боц кæнуйнаг æй...», «Иуазæг кадæбæл даруйнаг æй...»

Иуазæг исбоц кæнун, кадæ ин искæнун хуарз менеуæгбæл нимад адтæй нæ адæммæ. Фал уой хæццæ ба иуазæг дæр берæ цæмæйдæрти ихæсгин адтæй, гъæуама зудтайдæ уагæ, æгъдау, æфсармæ, афонæ... Уой туххæй фæззиндтæнцæ æмбесæндтæ: «Æнафони иуазæг фидбилиз хæссуй...», «Иуазæг æхецæн фингитæ нæ февæруй...»

Туалгоми Поти гъæуи, дан, цардæнцæ Козатæ. Сæ цæлгæнæни сæмæ æртæ дуарей медæгæ адтæй уæллæй есгæ æма бунæй ахуадгæ, дууинсæй къæртай кæми цудайдæ, уæхæн цæхгæр – бæгæнийæй цъоппидзаг. Еу тæвдæ бони сæмæ фæззиндтæй сæ сиахс Гагий-фурт е 'мбали хæццæ. Æфсийнæ син фингæ райвардта, бауадæй къæбецмæ æма син бæгæни рахаста хъалаци дзаг. Къæбец исæхгæдта æма дæгъæлтæ рагъæнбæл æрауигъта, уотемæй хатир ракурдта: æндегæй имæ куройнæдзаутæ æнгъæлмæ кастæнцæ, æма æ инсуйнæгти хæццæ фæннæхстæр æй.

Иуазгутæн бæгæни сæ зæрдæмæ хъæбæр фæццудæй æма ма сæ гъудæй. Сиахс бæргæ зудта, къæбецмæ æфсийнæй уæлдай цæун некæмæн федауй. Фал уæддæр ниуæзтгун лæг рагъæнæй райста дæгъæлтæ, æртæ дуари дæр байгон кодта æма бацудæй. Къæбеци талингæ адтæй, фал лæгæн бæгæний сир-сир æ гъостæбæл уадæй, къохтæй æсгаргæй иссирдта цæхгæр æма ин æ сæр исиста. Бæгæни никки хъæбæрдæр иссир-сир кодта æма... цидæр æрбацæй.

Æфсийнæ куройнæй фездахтæй. Базудта хабар, къæбецмæ фæммедæг æй, сиахси къохтæй хъалац раскъафта, цæхгæри æй рацавта, фал хъалац цæхгæри бунбæл исæмбалдæй. Æфсийнæ нигъгъæрзтæй, ниддодой кодта, æ сæр хуаста... Сиахс ледзунмæ фæцæй. Уоси æрдеуагæмæ синхæгтæ æрбамбурд æнцæ. Хабар ку балæдæрдтæнцæ (бæгæний цæхгæр æнæгъæнæ Потий гъæу



БИТИТИ Вадими конд хузæ.

æфсаста), уæд фæффæдеси 'нцæ, баййафтонцæ сиахси æма 'й фурнадæй рамардтонцæ.

Ка 'й зонуй, кадæртæ уотæ дæр бауайдзæф кæндзæнæнцæ, гъома, гъæубæстæ æгæр æверхъаудзийнадæ исаразтонцæ сæ бæгæний фесæвди фæдбæл. Фал аци цау уотæ лæдæрун гъæуй, æма дæ адæми æгъдæуттæмæ гæсгæ тобæгонд ци 'й, уой ка нецæмæ даруй, æверхъаудзийнадæ е аразуй æма уомæ гæсгæ æнæмæнгæ карз æфхуæрд баййафдзæнæй.

Рагæй фæстæмæ дæр къæбеци хецау æфсийнæ æй бийнонти хестæр силгоймаг. Зæронд Бæтæхъойгъæуи Тменати Дзамболати хæдзари уæхæн æфсийнæ адтæй Фирди. Бæркадкъох, идзагармæ уосæ. Фал æ къæбецмæ ба неке уагъта: къæбецæн цалдæр æфсийни ку фæууй, уæд æ бæркад исæфуй.

Еууæхæни Зæронд Бæтæхъойгъæумæ иуазæгуати æрцудæй еу лæг, æма Тменати гъæздуг къæбеци кой æ гъостæбæл æрцудæй. Лæг уоййасæбæл ниддестæ 'й, æма æхецæн загъта: гъæуама Фирдий къæбец фæууинон. Бацудæй Тменатæмæ. Бакодтонцæ 'й медæмæ. Фингæ æ рази уайтæккæдæр райдзаг æй хуæрдæ-ниуæзтæй. Иуазæг адтæй Слонатæй æма æфсийнæн æ цуди сæр баладæрун кодта:

– Мæ ефтонг бæх дин мæ хуæцæнгæрзти хæццæ лæвар кæнун, æцæг мæ дæ къæбецмæ дуаргæронæй бакæсун бауадзæ!..

Æма ин уæд уосæ ку раттидæ уæхæн дзуапп:

– Дæ хуæцæнгарз дæр дæхе уæд, дæ бæх дæр уотæ, мæ къæбец ба мæ бæркади хæццæ – мæн. Иуазæг дæ, фал дин уæддæр дæ курдиадæ ба не 'сæнхæст кæндзæнæн, æма дæ зæрдæ ма фæххоæд...

Слонати бæхгин æнæ нецæмæй раздахтæй... Фал уæдæй нури уæнгæ байзадæй уæхæн загъд: «Кæд дин Тменати Фирдий къæбец нæй!..»

Нæ адæми æмбесæндтæй беретæми зингæ бунат ахæссуй силгоймаг – æвдист си цæунцæ куд æ кадæ, æ хуæрзуагæ, æ зундгиндзийнадæ æма ма æ берæ æндæр растауйнаг менеугутæ, уотæ, адæм рафауйнагбæл ке нимайунцæ, æ уæхæн гъуддæгутæ. Зæгъæн: «Хуарз уосæ – лæггæнæг, лæгъуз уосæ – лæгисафæг...»

Кизгæ æма лæхъуæн кæрæдзей хъæбæр уарзтонцæ. Ахид æмбалдæнцæ. Алли хабæрттæ кодтонцæ, кæрæдзей лæдæрдтæнцæ. Фал дин еухатт ба уотæ рауадæй, æма рабуцæутæ 'нцæ. Кизгæ загъта:

– Силгоймаги бон берæ 'й. Лæгъузæй хуарз искæндзæнæй, хуарзæй ба – лæгъуз...

Лæхъуæн кизги хæццæ не 'сарази æй:

– Уæллæгъи, нециуавæр силгоймаг исараздзæнæй хуарзæй лæгъуз!..

Дзубанди син райеудагъ æй, æма æрæгиау æрцудæнцæ уæхæн фæндæмæ: кизгæ лæгмæ æрцæуудзæнæй, амæй нецæййагдæр нæййес, зæгъгæ, уæхæн уосгормæ, лæхъуæн ба ракордзæнæй бустæги æдзæллаг кизгæ. Æма си алкедæр æ цардæмбали гъæуама исхуарз кæна.

Куд загътонцæ, уотæ бакодтонцæ. Кизгæ ци нецæййаги хæццæ байеу æй, уой райдæдта ахур кæнун, адæми 'хсæн хе дарун куд гъæуй, хуарз æма лæгъуз ци 'нцæ, уони æма берæ æндæр гъуддæгутæ ин амудта. Лæги адæм агорун байдæдтонцæ, æхсæни гъуддæгути унаффæгæнæг иссæй, цæветтонгæ, æ кадæ хъæбæр исуæлиау æй.

Æ кæддæри уарзон лæхъуæни карнæ ба æндæрхузи рауадæй. Ке ракурдта, е разиндтæй бустæги цауд. Берæ уарзта фунæй кæнун, хæдзарæ еудадзуг æнæфснайд адтæй, лæг – æнæгъудгонд: æ дарæс – цъумур, æ къахидарæс – фæруакитæ.

Лæг фиццаг сабургай дзурдта, уайдзæф кодта, фæстагмæ ба исæзнæт æй, загъд-замана исамайидæ, фал уосæ къæрттæй-цъола нæ гæлста. Лæг мæстæй тъæппитæ хаудтæй, фурмæтæй исуорс æй æ сæр, адæми 'хсæнмæ нæбал цудæй, æхемæ игъосунбæл фæцæй... Цубурдзурдæй, фенамонд æй...

Гуманитарон æма социалон æртасæнти институти архиви фонди бакастæн еу хабар: Дæйигъæуккаг кизгæ киндзи æрцудæй Гулий гъæуи Кцойтæмæ. Еуцæйбæрцæдæр рæстæги фæсте бийнонтæ исфæндæ кодтонцæ куройнæ исаразун. Аразун ба 'й райдæдтонцæ рагъбæл. Еу бон, кæстæр биццеутæй хæдзари неке разиндтæй, уомæ гæсгæ ба киндзæн рауадæй хуæруйнаг косгутæн фæххæссун. Къумæли дорин райста, уæдта, ка 'й зонуй, ци рагъуди кодта, æма 'й фæстæмæ æ бунати æрæвардта.

Рагъмæ иссудæй. Тæвдæ бон адтæй, æма куройнæ аразгутæ, киндзи раунгæй, сæ куст фæууагътонцæ. Æ хæссуйнæгтæ ин райстонцæ, райхалдтонцæ сæ, æма си дон ку нæ фæууидтонцæ, уæд батухстæнцæ:

– Дон не 'схастай?

Киндзæ дæр, еци фарстамæ æнгъæлмæ кастæй, æма æ кæстæр теуи гъоси (иннетæмæ уайсадгæ кодта) бадзурдта:

– Æма кæд ами дон нæййес, уæд куройнæ цæбæл аразетæ?..

Лæгтæ æ еци фарстамæ гæсгæ кæрæдземæ бакастæнцæ æма сæ рæдуд балæдæрдтæнцæ... Уæдæй фæстæмæ байзадæй æмбесонд: «Дæйигъæуккаг кизгуттæ уæлдай зундгин æнцæ...»

Фал царди исконд уотæ 'й, æма хуарзи фарсмæ лæгъуз дæр ес. Æдзæллаг, зийнадæгæнагæ силгоймагæй уотæ фæззæгъунцæ: «Айæ Рабурæ æма Дæргъцонги хуæрæ ку 'й!..» Цæветтонгæ, еу кизгæ киндзи рандæй. Еуцæйбæрцæдæр рæстæги фæсте æ цæгат ку бабæрæг кодта, уæд æй æ мадæ фæрсуй:

– Цæй, куд цæрис?.. Бийнонти 'рдигæй ести гъигæдард цæуис?..

Æ кизгæ ин дзуапп равардта:

– Цæрун. Нецæмæй тухсун. Æцæг сæ къохмæрзæнтæ сор некæд фæуунцæ... Бийнонтæ ба мæ неци уоййасæбæл гъигæ дарунцæ: фурбоцæй мæ Рабурæ æма Дæргъцонг хонунцæ.

Мадæ æхе хуайунтæбæл фæцæй, мæ сæр мин куд фæххoдуйнаг кодтай, зæгъгæ:

– Сæумæй бийнонти фæсте исистис, æма уомæ гæсгæ дæмæ къохмæрзæн сорæй нæ хауй. Исистуни бæсти бадгæй æвналис, дæ фазæбæл рабурис, гъе уомæ гæсгæ дæ исхудтонцæ Рабурæ æма Дæргъцонг.

Æмбесæндти тухæ æма нисанеуæг айдагъ цъухæй дзоргæ исфæлдистади нæ разиннуй, фал публицистикон уацти æма аййевадон литературон уадзимисти дæр. Айдагъ Бритъиати Елбиздихъой уадзимисти иссерæн ес дууæсæдæ æмбесондемæй фулдæр. Хъæбæр гъæздуг æнцæ æмбесæндтæй Коцойти Арсени, Гæдиати Секъай æма Цомахъи, Къубалти Александри, Мамсурати Дæбей æма нæ литератури иннæ номдзуд финсгути уадзимистæ дæр. Мадта нæмæ нæ маддæлон æвзагбæл ци мухури фæрæзнитæ уагъд цæуй, уонæми дæр ахид бакæсæн ес аллихузон æмбесæндтæ. Баруагæс уи уæд, е хъæбæр ахсгиаг æма гъæугæ фæткæ 'й, уомæн æма, нæ фидтæлтæй нин уодварни хæзнати хузи ци зæгъдтитæ байзадæй, етæ нин, нæ абони цардарæзти гъуддæгутæбæл кутемæй архайæн, уомæ гæсгæ æнцæ кæми зундамонæг, кæми уайдзæфгæнæг, кæми ба... Цард æй æмбесæндти къæбец, æма си зонун гъæуй пайда кæнун, уомæн æма «Æмбесонд цæмæндæриддæр агъаз æй...»

**Советон Цæдеси разамунд 1959 анзи 2 мартъий рахаста унаффæ нæ бæсти еугур рауæнти дæр барвæндон адæмон дружинитæ исаразун æхсæнадон уагæ гъæуай кæнуни туххæй.**

***ДЖИГКАЙТИ Шамил (1940-2011), финсæг, литературæртасæг: «Цомахъ æхсæнадон цард æма исфæлдистадон аренæмæ рацудæй устур тохи дзамани. Е адтæй цаутæн сæ тæмæни, адтæй адæми астæу, ирæзтæй идейон æма революцион тохи уавæрти, уоми æхсистæнцæ æ уодигъæдæ æма æ зундирахаст... Цомахъ еци архайди куста уæлмонц***



ГÆДИАТИ Цомахъи райгурæн гъæу Ганис (Хонсар Иристони).

# «АЙДАГЪДÆР ÆХСАРÆЙ ÆВЗУРУЙ АМОНДИ УЕДАГÆ!..»



**ДЗЕСТИ Кудзæг**
(1905-1981)
финсæг

Еуæй-еу адæймæгутæн айдагъ сæ уиндæ, сæ бакастæй нæ, фал уотид сæ коййæй, уотид сæ ном зæгъгæй дæр лæги зæрдæ барохс уй, циуавæрдæр æхцæуæндзийнадæ æма цийни ранихъулуй. Уæхæн адæймаг адтæй номдзуд ирон финсæг æма революционер Гæдиати Секъай фурт Цомахъ. Зингæ æма игъустгонд лæгтæн дæр, иннæ адæмти хузæн, сæ дзилли ‘хсæн уæлдай бæрæг фæддарунцæ сæ уодигъæди еуæй-еу менеугутæй: кæмæн æ хæларзæрдæ, кæмæн æ бакаст, æ мæлгъæвзаг, æ зунд, фал мæмæ нуртæккæ дæр уотæ кæсуй, цума Цомахъ, æрдзæ адæймагæн цидæриддæр æвæрццæг менеугутæ равардта, уонæн сæ фулдæр хай уой фæцæнцæ. Бæрзонд, къæсхуртæгомау, хуæрзæлвæст, минкъий хæбоздзагъд, æвæдзи, раги кæддæр фæссæйгæ ‘й дзиуарæй. Æ цъухи дзурд – фæлмæн, ивазгæ дзурдтæ, рæвдаугæ гъæлæси уагæ, ходæнбилæ ‘нгæс.

Цомахъæн æ кой рагæй игъустон. Æмбæлгæ ба ибæл искодтон 1924 анзи. Ирон фиццаг профессионалон актер Тотрати Бесæйæн аййевади æма рохсади косгутæ исаразтонцæ юбилей. Уæди рæстæги нури хузæн парахат фадуæттæ нæ адтæй уæхæнттæ аразунæн, фал уæддæр обкоми азгъунсти буни ци клуб адтæй (нуртæккæ бæстæзонæн Музей кæми ‘й, уоми – Сабурдзийнади проспектбæл), е байдзаг æй адæмæй.

Тотрати Бесæ кæми гъазта, уæхæн еуактон пьеси равдисти фæсте райдæдтонцæ арфи дзубандитæ. Арфæгæнгутæй еу адтæй Цомахъ. Сценæй дзоргæй, Цомахъ е ‘ргом раздахта Бесæйи ‘рдæмæ, цума сæ дууемæй æндæр зали неке ес æма лæгæйлæгмæ дзубанди кæнунцæ, уæхæн хузи. Зæгъгæ ба уотæ кодта:

– Бесæ!.. Аййевадон æма драмон уадзимистæ берæ ес киунугæдæнтти. Еци уадзимистæ адæми размæ рахæссунцæ актертæ, базонун сæ кæнунцæ дзиллитæн. Еци актертæй дæ ду дæр...

Уомæй идарддæр ма ци дзурдта Цомахъ, уони лæмбунæг нæбал гъуди кæнун, ка ‘й зонуй, сæ еугурей лæдæргæ дæр нæ бакодтон, фал ма абони дæр мæ цæстити рази лæууй юбиляр Бесæйи цæсгон. Цомахъи зæрдæбун æма цæстуарзон дзубандитæй уотæ нифсæрми æй Бесæ, æма æгириддæр нæбал арæхстæй дзуапп раттунмæ, зир-зир кодта, е ‘взаг, æ коммæ нæбал кастæй.

Еци бонæй фæстæмæ, Цомахъ лекци кæсдзæнæй, зæгъгæ, ку фегъосинæ, уæд, ци амал æма равгæ уидæ, уомæй тундзтæн уордæмæ бахаунмæ. Еуемæй, иронау ке дзурдта, уæдта рæсугъд æвзагæй, уой туххæй, иннемæй ба, мæхуæдæг дæр цæмæдес адтæн, уæхæн гъуддæгутæбæл ке дзурдта, уомæ гæсгæ дæр. Еци клуби ма уой фæсте байгъустон Цомахъи лекцимæ еугур дуйней уавæри туххæй. Уой дæр – ирон æвзагбæл. Еци рæстæги империалистон паддзахæдтæ лæбурдтонцæ Китаймæ, цæмæй æй ниддехтæ кæнонцæ се ‘хсæн. Советон Цæдеси ‘рдигæй ба уæд æнæгъæнæ дуйнебæл райгъустæй æ федар фæдздзурд: «Руки прочь от Китая!..» Мæ зæрдæбæл ма лæууй, еци лозунг Цомахъ ци хузи дзурдта, е: «Уæхе идард райсетæ Китайæй!..»

Минкъий фæстæдæр ма еци клуби байгъустон Цомахъи лекцимæ Цæгат æма Хонсар Иристони географий туххæй: бæстæн е 'вæрд, æ арæнтæ, хуæнхтæ, цæугæдæнттæ, æфцæгтæ, кæмттæ æма æндæрти туххæй. Æ лекци мæмæ дессаг фæккастæй, дууæ Иристони дæр уоййасæбæл лæмбунæг ке зонуй, е, уæлдайдæр ба, æфцæгтæй ци загъта, е.

Цæгат Иристонæй Хонсар Иристонмæ ци æфцæгтæбæл бахезунцæ, уонæн, дан, се 'вæрд уотæ ‘й: цæгатæрдигæй, сауæнгæ рæбунæй æфцæги сæрмæ исхæссунцæ кæрзхæрдæ, фал фæсæфцæг цæхгæр фæуурдуг унцæ... Æз зудтон еци æфцæгтæн сæ фулдæрей: Бæрзæфцæг, Тирсий æфцæг, Сибай æфцæг, Рокъи æфцæг æма Дзомагъи æфцæг. Æцæг уотæ ‘нцæ. Цæгатæрдигæй сауæнгæ комæй уæлæмæ æфцæги сæрмæ 2-4 километрей бæрцæ фæзи хузæн æй над, фал рагъæй идарддæр цæхгæр фæуурдуг кæнуй. Уой зудтон æз дæр, фал мæ гъудий некæд æрцудæй, сæ еугурдæр уотæ æмхузон æнцæ, е.

Цомахъ 1925 анзи редактор адтæй газет «Рæстдзинад»-æн. Æртиккаг анз цудæй газет «Рæстдзинад», æма еци рæстæгмæ æ уацхæсгутæ дæр баберæ ‘нцæ. Цомахъ исфæндæ кодта уацхæсгутæн съезд исаразун. Е адтæй мартъий мæйи Цæгат Иристони Автономон республики Æнхæстгæнæг комитети азгъунсти (нуртæккæ медгъуддæгути Министрадæ кæми ‘й, уоми – Бутырини гъæунги). Съездмæ æрцудæй еу-дууинсæй адæймагей бæрцæ. Рахаста дууæ бони. Радзубанди си кодтонцæ: редакций кусти туххæй Цомахъ æхуæдæг, партий обкоми номæй финсæг Барахъти Гино, уацхæсгути кусти туххæй финсæг Гулути Æндрей æма облæсти прокурор Дигурти Къоста. Съезд равзурста уацхæсгути бюро æртæ лæгемæй æма уобæл рахецæн æй Цæгат Иристони облæсти уацхæсгути фиццаг съезд.

Дзæуæгигъæуи уруссаг театр исфæндæ кодта Бритъиати Елбиздихъой трагеди «Амран» уруссаг æвзагбæл исæвæрун. Бацæттæ ‘й кодтонцæ. Театри еунæг бунат дæр нæбал адтæй уæгъдæ, сауæнгæ ма, «галеркæ» ке худтонцæ, уоми дæр. Спектакль райдайуни размæ сцени æмбæрзæни размæ рацудæй Цомахъ æма дзорун райдæдта. Ку ма ‘й загътон, иронау куд дзоруй, уой цалдæр хатти фегъустон, фал æй уруссагау дзоргæй ба некæдма фегъустон. Дзоргæ ба уотæ кæдзос, æнæ акцентæй æма æнæфæкъкъуæзгæ кодта, æма деси æфтудта ка имæ игъуста, уони – иронæй, уруссагæй...

Скъолайæй рацæугæй ахид бауайинæ «Рæстдзинад»-и редакцимæ. Еубон мæмæ Цомахъ фæдздзурдта æхемæ. Редакци адтæй дууæ минкъий уатеми. Цомахъ бадтæй медæггаг уати. Мæн æндаг уатмæ бацæугæй ку рауидта, уæд мæмæ радзурдта:

– Кудзæг, ардæмæ рауайай!..

Бацудтæн имæ. Фæффарста мæ: кæми ахур кæнун, кæци къласи, кæми цæрун æма æндæр уæхæнттæй. Уæдта мин уой фæсте ба загъта редакцимæ косунмæ æрбацæуни туххæй. Зæгъун, мæ нифс нæ хæссун, некæдма кустон уæхæн рауæн, æма ку нæ исарæхсон...

– Тæрсгæ ма кæнæ, – загъта Цомахъ, – райдайæни бал мæнæ фæккæсдзæнæ газеттæ æрветуни гъуддаги, уæдта сабургай редакций кустмæ бахездзæнæ...

Гъема райдæдтон косун. Уæди рæстæги газети тираж минтæй нимайгæ адтæй, фал си уæддæр дзæвгарæ куст адтæй: алли экземпляр дæр бадудæгътæ кæнæ, адрес ибæл банихасæ, уæдта сæ исбæттæ, дæ рагъи сæ ракæнæ æма сæ пости хайадæмæ ниххæссæ. Уоми пости косæгæн æ къох ниввæрун кæнæ, газеттæ ке райста, уой туххæй, æма уоййадæбæл дæ куст рахецæн æй дууæ-æртæ боней æмгъудмæ (еци рæстæги газет алли бон нæма цудæй).

Еубон типографийæй исдзурдтонцæ: газет мухургонд фæуузодзæнæй цалдæр минуттей фæсте, æма ‘й фæлласетæ. Æз нæма зудтон, газет типографийæй куд фæлласунцæ, уой æма бацудтæн Цомахъмæ. Е мин байамудта: проспектбæл ци уæгъдæ файтонбæл исæмбæлай, уой бакæнæ типографимæ, газеттæ си исæвæрæ æма сæ исласæ, уæдта ма æ дзубандибæл бафтудта:

– Гъе дин дæлæмæ дæр æма уæлæмæ дæр... Гъома, уордæмæ дæр æма фæстæмæ дæр.

Иннæ хатт ба уотæ рауадæй. Типографийæй исдзурдтонцæ, газет фæлласетæ, зæгъгæ, фал æд файтон ку ниццудтæн, уæд рабæрæг æй: газетæн е ‘мбес нæма ‘й мухургонд.

– Мадта уæд æгæр раги цæмæн исдзурдтайтæ? – фæрсун типографий хецауи.

– Айфонмæ гъæуама фæцайдæ мухургонд, фал машинæ фехалдæй, æма уой фудæй байрæги кодтан... Сахатти ‘рдæгмæ ‘й фæууодзинан мухургонд... Файтони хецауæн ку загътон, сахатти ‘рдæг бахезæ, зæгъгæ, уæд мæ рафарста:

– Æма мин еци рæстæгæн æхца бафеддзæнæ?..

Æз уой зонгæ дæр нæ кодтон, еци лæуди рæстæгæн дæр æхца фæффедунцæ, уой æма батухстæн мæ меднимæр. Бæхтæрæги хæццæ исхæлхъойтæ ан. Уотемæй нæ æрæййафта Цомахъ. Типографийæй æгæр æрæгæмæ ку æздахтæн, уæд нæбал фæллæудтæй æма рацудæй уордæмæ. Мæн уæхæн тухстæй ку фæууидта, уæд бахудтæй æма загъта:

– Сагъæсхуз ку дæ, Кудзæг.

Хабар ин ку радзурдтон, уæд мæ æрсабур кодта:

– Æма уобæл ба ци маст кæнис?.. Бафеддзинан бæхтæрæгæн еуцалдæр къапекки уæлдай, æндæр ци?!.

Æма бæхтæрæги хæццæ дзубандибæл фæцæй.

Еци бонæй фæстæмæ, газет мухургонд фæцæй, уой цалинмæ рагацау не 'сбæлвурд кæнинæ, уæдмæ файтон нæ ихуæрстон.

**Зундгонд финсæг Фазиль Искандери райгурдбæл 6 мартъий æнхæст кæнуй æртиндæс æма цуппаринсæй анзи (1929 -2016). Абхазаг уогæй, æ уадзимистæ ба финста уруссагау.**

***æма хъазауатонæй. Адтæй намуси лæг, æнæлазæ æма æхсаргин. Домбайии хузæн адтæй сæрустур, сæребарæ æма федар. Фудæвзарæнти дæр нæ басастæй, æ намусбæл нæ бауагъта къæмæ рабадун. Цийфæнди уавæрти дæр адтæй тохгæнæг –сæребарæ æма рæстдзийнадæбæл, куста нæ национ культури сæрбæлтау...»***



Цомахъмæ дæр фендиуддæр дæн. Еубон, нæ дууæ дæр типографимæ куд цудан, уотемæй фембалдан Гутнати Гылцибæл. Е адтæй типографий косæг, дамугъатæ æмбурдгæнæг, еци куст рагæй кодта, æндæр си ирон дамугъа æмбурдгæнæг нæ адтæй. Е 'нсувæр Елбиздихъо революций размæ немуцаг уосæ ракурдта æма фæллигъдæй Германимæ. Уоми куста типографий, уæдта æхуæдæг дæр иссæй типографий хецау. Инсæйæймаг æнзти æ типографий рауагъта цалдæр ирон киунуги. Гылци исфæндæ кодта е 'нсувæри бабæрæг кæнун. Области æнхæстгæнæг комитетæй райста фæццæуни барæ. Цомахъи хæццæ нæбæл рамбалдæй типографий бакомкоммæ бульвари.

– Гылци, мадта цæуис Берлинмæ? – рафарста æй Цомахъ.

– Уæллæгъи, цæун, Цомахъ, берæ мæ нæбал гъæуй, фæррæвдзæ кæнун, дзуапп равардта Гылци, Цомахъæн æ къох райста, уотемæй.

– Гъе мадта, уоми Штреземанæн уотæ зæгъæ, мах дæр, зæгъæ, амæлттæ кæнæн...

– Е дин мæ бæрагæ, Цомахъ! – бахудтæй Гылци æма фæннæхстæр æй облæнхæсткоми 'рдæмæ.

Еци минкъий хабар мæ зæрдæбæл уомæ гæсгæ бадардтон, æма уæди уæнгæ некæдма фæууидтон Цомахъи гъазæн дзубандитæ кæнгæй. Зудтон, Штреземан – уæди рæстæги Германий паддзахади æндагон гъуддæгути министр ке 'й, уой æма ци барæ даруй махмæ? Кенæ Гылций балцимæ?..

Газети æрмæгутæн сæ фулдæр æмбес Цомахъ æхуæдæг цæттæ кодта. Номери разуац ку ниффинсидæ, уæд хаттæй-хатт мæнмæ фæдздзоридæ:

– Кудзæг, рауай ардæмæ...

Исбадун мæ кæнидæ е стъоли рази.

– Байгъосай...

Æма райдайидæ æ уац гъæрæй кæсун...

– Цæй, куд дæмæ кæсуй? – бафæрсидæ мæ еци æцæгхузæй, каст ку фæууидæ, уæд.

Æз ба 'й уотæ лæдæрун, æма Цомахъ æ уац мæнæн нæ, фал фиццагидæр æхецæн бакæсидæ.

– Хъæбæр хуарз æй, Цомахъ! – зæгъинæ æз æцæгхузæй.

Ахид финста Цомахъ æнæуой уацтæ дæр, тæлмацтæ, растфинсуни (орфографий туххæй), мухур кодта æхе æмдзæвгитæ дæр. Анзæн æ фиццаг номерæй фæстæмæ райдæдта мухур кæнун æхе тæлмацгондæй минкъий брошюрæ «Ленин-Ульянов. Е цард. Е куст. Е фæндитæ».

Уæди рæстæги ирон орфографи нæма æрбæстон æй, алкедæр æхеуони худта растдæр. Цомахъ дæр финста æхердигонау. «Йæ»-и бæсти «е» финста: «йæ цард» нæ, фал «е цард», «райййивта е Цомахъ». «Уый» нæ, фал «уи». Хъæбæр ахсгиаг адтæй орфографий гъуддаг æма газети еуæй-еу номерти фæстаг фарс æнæгъæнæй дæр уомæн багъæуидæ. Газети цуппæрæймаг номерæй фæстæмæ Цомахъ райдæдта мухур кæнун Вильгельм Либкнехти уацау «Хæлауртæ æма биндзитæ» – еуцалдæр номереми, æхе тæлмацгондæй; уæдта «Интернационал» дæр æхе тæлмацгондæй. Хуæздæр мæмæ фæккастæй æхе æмдзæвгæ «Фæнды мæ мæн...» Æнæкæсгæй дзорунмæ дæр æй исахур кодтон:

Фæнды мæ мæн, цæмæй нæ Иры
Мæгуыр лæг царды уаг æмбара.
Фæнды мæ мæн, цæмæй нæ Иры
Лæджы фæллой кад ыссара.
Фæнды мæ мæн, цæмæй нæ Иры
Рæстдзинад адæммæ куыд хъара.
Фæнды мæ мæн, цæмæй нæ Иры
Нæ тых, нæ фæнд, нæ сæр нæ бар уа.

Хуарз мæмæ фæккастæй, Виктор Гюгойæй ци ратæлмац кодта, е дæр – «Хъазауат баррикадæбæл». Еци æмдзæвгæ уæди уæнгæ некæдма бакастæн уруссагау тæлмацгондæй дæр. Революционерти хæццæ æрахæстонцæ хуæрзæригон биццеуи дæр. Контрреволюционертæ сæ ислæууун кодтонцæ фехсунмæ. Саби ниллигъстæ кодта маргутæн, цæмæй æй рауадзонцæ æ мади фæууинунмæ, уæдта уайтæккæдæр фæстæмæ фездæхдзæнæй, зæгъгæ. Ходæг фæккастæй еци курдиадæ маргутæмæ, фал æй уæддæр раходуни тухххæй бафæлварунæн рауагътонцæ æ мадæн «хуæрзбон» зæгъунмæ. Минкъий фæстæдæр кæсунцæ, æма биццеу фæстæмæ сæ рази февзурдæй, æрлæудтæй иннæ революционерти фарсмæ æма еци зæрдфедарæй фæгъæр кодта:

– Цæй, дзебæл ма кæнетæ!.. Цæветæ!..

Зæгъун ма гъæуй уой дæр, æма уæди рæстæги редакци некæмæн фиста гонорар: æхе косгутæн дæр æма æндагонтæн дæр.

Цомахъ 1925 анзи кæронмæ æнхæст нæбал бакуста редактори бунати. Æндæр кустмæ 'й ке райййивтонцæ, уой тухххæй рацудæй уордигæй, æма редактори бунати косун байдæдта Галазти Дадус.

Уæдæй фæстæмæ ахид нæбал æмбалдтæн Цомахъбæл. Еуухæни фембалдтæн Цомахъæн æ кæстæр æнсувæр Петкабæл, æма мин Цомахъæй уæхæн хабар радзурдта. Петка æхуæдæг еци рæстæги куста области фæлхасади Цæдеси – проспектбæл, нуртæккæ колхозон тукан кæми 'й, еци азгъунсти. Еубон, дан, мæмæ Цомахъ фæдеси уадæй æрбамедæг æй мæ кусти бунатмæ æма мæмæ къæсæрæй æрбадзурдта:

– Рауайай!

– Ци хабар æй?

– Рауайай, тагъддæр!

Æз, дан, рацудтæн къæридормæ æма мин Цомахъ уотæ, дæлæ, зæгъуй, бульвари фæууидтон еу рацæргæ лæги æма мæмæ нæ фиди хузæн фæккастæй...

– Гъе, æма ци?

– Бакæсай имæ ду дæр, æма кæд дæумæ дæр уотæ фæккæса, уæд ин æ къарæ исесæн æма нæмæ уодзæнæй нæ фиди къарæ...

Нæ!.. Неци рауадæй Цомахъи фæндæй. Петкамæ еци лæг нæ фæккастæй сæ фиди хузæн æма ин æ къарæ дæр цæмæн гъæуама исистайуонцæ.

Сæ фидæ – игъустгонд, номдзуд ирон финсæг Гæдиати Гуцирий фурт Секъа дæс æма инсæй анзей бæрцæ фæккуста Цæгат Иристони гъæути, фондз анземæ хæстæг рацардæй сахар Дзæуæгигъæуи дæр, фал æ цæуæтæн æ къарæ нæ ниууагъта. Еуæй-еу адæймæгутæ нæ фæуударзунцæ сæ къарæ есун, нецæййаг миуæ сæмæ кæсуй е, фал Секъа, мæнмæ гæсгæ, уæхæн миути тухххæй нæ фæцæй æнæрлæугæ къаресæги рази. Æ мизд адтæй мæйæ аст соми, æма фараст адæймагей бæрцæ бийнонтæ дарæгæн, æвæдзи, алли къапекк дæр нимади адтæй, авд сувæллоней фидæн æ къох нæ амудта æ фæстаг къапеккитæ къартæбæл харз кæнун...

Петка мин радзурдта, æ фидæ куд фæззиан æй, уой дæр. Е адтæй 1915 анзи сæрди. Æ фидæ Секъай хæццæ исфæндæ кодтонцæ бæхуæрдуни Дзæуæгигъæуæй фæццæун Хъуди коммæ, сæ хæдзарæмæ. Секъа архайдта уæрдуни хæццæ, Петкайæн ба загъта:

– Биццеу, ду бал сабургай цо, æз дæр дæ æййафдзæнæн...

Петка рараст æй фестæгæй. Фæууæлдæр æй геуæргибони базарæй, сахарæй дæр фæууæлдæр æй, Редантæй дæр, уæддæр æ фидæ нæма зиннуй. Бахизтæй Балтайæй дæр, уæддæр æй нæма æрбайййафта æ фидæ. Цæмæй зудта Петка, æ фидæ æгас нæбал æй, уой!.. Хабар ба уотæ адтæй: Секъа æд уæрдун Ольгинскийи гъæунгæй (фæстæдæр æй исхудтонцæ Орджоникидзей номæй, нур ба хæссуй Плити Исси ном – *РЕД.*) Арвикоми фæззелæнмæ ку бахъæрттæй, уæд æ бæх фæттарстæй машинæй æви трамвайæй, еуварсæрдæмæ расæррæтт ласта, Секъа рахаудтæй уæрдунæй, æ сæр дорти цæндæбæл æрхаста æма дзухъмард фæцæй...

Фæстаг хатт ма Цомахъи хæццæ фембалдан 1931 анзи сæрди. Цардæй Вагзали проспекти (нуртæккæ – Маркови гъæунгæ). Уæд ма рæуæг сæйгæ адтæй. Хустæй æхе фатери. Æнæуой дæр къæсхуртæ адтæй, нур ба бустæгидæр исцола æй.

Берæ нæбал рахаста, мæгурæг, фæззæги рæхецæн æй æ цардæй. Æ байвæруни тухххæй адтæй æмбурд партий обкоми. Æ фæссæйги размæ Цомахъ ректор кæмæн адтæй – Цæгат Кавкази педагогон институт, – уой ректор фæндæ бахаста, цæмæй Цомахъ æвæрд æрцæуа аргъауæни тургъи Хетæгкати Къостай фарсмæ, фал обкоми секретарь нæ исарази 'й еци фæндæбæл, уоми, дан, саугинтæ æма инæлæрттæ æвæрд æнцæ, зæгъгæ. Байвæрдтонцæ 'й, Иригъæуи уæлмæрдтæ ке хонунцæ, уоми. Цирти уæлгъос радзурдтонцæ цалдæремæй Цомахъи цард æма кусти тухххæй. Уæлдай зæрдибундæр дзубанди ракодта – паддзахи дзамани æхуæдæг дæр Цомахъи хузæн Сибирмæ æрвист ка адтæй, – Дзæуæгигъæуи уруссаг театри, зæронд политкаторжанти æхсæнади иуонг Полякова.

* * *

**РЕДАКЦИЙÆЙ.** *Гæдиати Цомахъ е 'мдзæвгитæй еуеми уотæ финста: «Гъей! Æрмæст æхсарæй æвзæры // Амонды уидаг æнамонд фыдыбæсты…» Махмæ гæсгæ, аци курухон адæймаги фæдздзурд ахсгиаг æй абони дæр, нæ нуриккон цардиуаги уавæрти: гъæуй нæ, æцæгæйдæр, æхсарæ баедесун, цæмæй ци берæ нæхъæртондзийнæдтæ æма фудбæлæхтæй гъезæмарæ кæнæн, уони искунæг кæнæн, нæхе æма нæ кæстæрти карнæ амонд æма фарнæй æнхæстæй аразунгъон куд уæн!..*



ГÆДИАТИ Цомахъ (уорс ханхæй бæрæггонд) Цæгат Иристони ахурадон интеллигенций æхсæн.

Зундгонд финсæг Юрий Олеши райгурдбæл 3 мартъий æнхæст кæнуй æртæ æма æхсæзинсæй анзи (1899-1960).

*Зундгонд ахургæндтæ Александр æма Татьянæ БАТЫШЕВТИ гъудимæ гæсгæ сæйгæ сувæллон зингæ хецæн кæнун нæ гъæуй æнæнез æмгæрттæй. Уомæн лæгъуздæр æрдæмæ æййевуй æ зæрди уагæ, ниууй куддæр æнсæст, мæстгунгæнагæ æма кæуагæ. Сæйгæ сувæллæнттæй беретæн ихæлд цæуй сæ хедарундзийнадæ.*



# РÆСТУОД АДÆЙМАГ ÆЙ, ДЗИЛЛИТÆ СИ БОЗ ÆНЦÆ!..

Есенати Константини рагæй зонун, уомæ гæсгæ ба си мæ бон æй федарæй зæгъун: кæд аци дуйнебæл еске рæстзæрдæ æма кæдзос цæсгонæй цæруй, уæд сæ фиццæгтæй еу æй. Нæ фидтæлтæ ауæхæн адæймагæй фæззæгъиуонцæ: «Æууæндæн ибæл ес, уомæн æма æ рæстдзийнадæ бæрæг æй æ цардиуагæй, е ’гъдауæй!..»

Æцæгæйдæр, адæми ‘хсæн æнæмæнгæ гъæугæ хабæртти фæдбæл дзорунмæ æгириддæр тулаваст нæй. Дзубандитæй сæ нæ исдессаг кæнуй, фал архайуй æ царди хабæрттæ уотæ аразун, цæмæй маке рази уа къæндзæстуг, цæмæй æй макæмæй багъæуа хатир корун…

Гъе уотемæй аразуй æ карнæ – нур дæс æма цуппаринсæй анзей дæргъи. Уомæ гæсгæ исберæ ‘нцæ, æ юбилейи фæдбæл ин ци зæрдиаг арфитæ ракодтонцæ хеуæнттæ, зонгитæ, æмгустгæнгутæ, уони хæццæ ба, æ рæстæги аллихузон незтæй ке фæййервæзун кодта æма уой фæрци абони царди райдзастдзийнæдтæй хайгин ка ‘й, еци сабийтæ (уогæ си беретæ рабайлагъ æнцæ), кæмæндæрти ба сæ ниййергутæ. Æма ин е æхцæуæн æма зæрдрохс куд нæ уа! Раст зæгъгæй, еуцæйбæрцæдæр гъенцъун дæр ракæнуй, нуртæккæ ин е ‘нæнездзийнадæмæ гæсгæ æ уарзон куст, куд æй фæндуй, уотæ æнхæст кæнуни равгæ ке нæййес, уомæй. Фал уой хæццæ ба ин æнцондæр æй уæддæр æ зонундзийнæдтæ æма унаффæ ке багъæунцæ, куд сæйгити, уотæ е ‘мгустгæнгути дæр.

Æ агъаз ба алкæддæр гъудæй æма ма гъæуй берети. Дохтири дæсниадæ уæхæн æй, æма ‘й кæд байагордзæнæнцæ æ кусти фæдбæл, уомæн бæлвурд рæстæг æма афонæ нæййес. Константин æхуæдæг куд фæдздзоруй, уотемæй ескæми ести æгъдауи ку уидæ æма ин финги уæлгъос бадгæ ку рауайидæ, уæд хестæрæй рагацау хатир ракоридæ, гъома, æнайæнойти мæ телефон, мийиаг, ку низзæлланг кæна, уæд мин хатирæй фæууæд – кустæй мæ ку агоронцæ… Адæмæй æй беретæ зонунцæ, æма хабар лæдæрд фæууидæ, айдагъдæр уотæ бакæниуонцæ: «Еци еудадзуг æ кусти æй…»

Æма уомæй раст фæууиуонцæ – æ кусти ин рæстæги бæрцитæ кенæ «листæг» гъуддæгутæ нæ уидæ, еугæр дзубанди сувæллæнтти æнæнездзийнадæбæл цудæй, уæд уой фæдбæл цидæриддæр гъæуидæ, уонæй ин алцидæр сæйраг адтæй.

Гъе уæхæн адæймаг æй Есенати Тæтæрхъани фурт Константин – игъустгонд дохтир, нæ республики сувæллæнтти хирургий бундорæвæрæг, æцæг ирон лæг.

Сувæллæнтти дохтирбæл уæлдай бæрнондзийнадæ æвæрд ке ес, уой лæдæрун кодта е ‘мкосгути алли нæуæг фæлтæрæн дæр – еуемæй, сувæллон алкæд раст нæ балæдæрун кæндзæнæй, ци си ресуй, уой, иннемæй ба ирæзгæ бауæр æй, æма ин хуастæ рафинсун кенæ операци искæнуни размæ гъæуй уæлдай лæмбунæг рагъуди кæнун, берæ æнзти фæсте е ’нæнездзийнадæбæл куд фæззиндзæнæнцæ, уобæл.

Нури зундгонд дохтир кæддæр аци дæсниадæ цæмæн равзурста, уобæл æй ку бафæрсай, уæд æвеппайди дзуапп нæ ратдзæнæй. Дзоруйнæгтæ ба имæ фагæ ес. Фæсмон нецæбæл кæнуй, фал æй æ гъудитæ ба рахæссунцæ æ сабийдогæмæ…

Сæйгитæгæнагæ сувæллон адтæй, æма 'й æ мадæ дохтиртæмæ ахид хаста. Фал етæ сæ къох ракъуæриуонцæ, æгæр лæмæгъ æй, æма ибæл незтæ тухгин кæндзæнæнцæ, зæгъгæ. Фал сæ зæгъдтитæ, Хуцауæй арази, – нæ фæррæстмæ ’нцæ – сувæллон фæййервазтæй. Гъулæггагæн, еци амондæй нæ фæххайгин æнцæ Есенати Тæтæрхъан æма Марийæн иннæ æхсæз сувæллони. Уомæ гæсгæ мадæ æ фуртти исонибонбæл сагъæстæ кæнгæй, ахид уотæ бакæнидæ:

– Хъæсболат æма Костяй исразæнгард кæнун гъæуй дохтири дæсниадæ райсунбæл, е ба ескæд еске сæйгæ сувæллæнттæн нифси хуасæ фæууонцæ…

Цуппæрдæс сувæллонемæй царди надбæл рацудæнцæ астемæй, сæ хестæр Хъæсболат адтæй. Е уæдмæ дохтир иссæй æма фæнзуйнаг дæнцæн куд нæ адтæй æ астанздзуд æнсувæр Константинæн.

Æма 1950 анзи иссæй уæди Цæгат Иристони паддзахадон медицинон институти студент. Фæлварæнтæ куд равардта, уой абони æ медбилти ходгæй æргъуди кæнуй. Физикæ, химийæй хъæбæр хуарз бæрæггæнæнтæ райста. Гъудæй ма ‘й сочинени ниффинсун, æма равзурста: «Дохтир – Устур Фидибæстон тугъди», зæгъгæ, сæребарæ темæ.

Уой дæр хумæтæги нæ – хъæбæр æй фæндæ адтæй æ хестæр æнсувæри хъисмæти хабæрттæ ракæнун. Æма куд дессаг ин бантæстæй Хъæсболати сорæт исфæлдесун!.. Константин куд зæгъуй, уотемæй сочинений рæдудтитæ берæ адтайдæ, фал æ арф медесæй къамиси иуонгти зæрдæмæ фæццудæй. Уонæй еу, институти проректор Отарати Ибрагим аци сочиненийæй хецæн скъуддзæгтæ равардта газет «Социалистическая Осетия»-йи. «Мæнæ ци искурдиадæгин фæсевæд æрцæуй Иристони кæмттæй!» – еци сæрустурæй загъта Ибрагим.

Уайтæккæ фæттахтæнцæ студентти ахури бæнттæ. Æхсæзæймаг кæронбæттæн къурси фæстаг фæлварæнти размæ алкедæр æ фæндæ загъта æ федæни кусти бунати туххæй. Æригон дохтири Есенати Константини гъудитæ æнæгъæнæй дæр баст адтæнцæ æ райгурæн Хъæхъхъæдори хæццæ. Æ цæститæбæл уадæй, гъæумæ косунмæ куд ниццæудзæнæй, е.

Фал æ ахургæнгутæ уомæн, куд сæ хуæздæр студенттæй еуемæн, уотæ æндæр хъисмæт æрцæттæ кодтонцæ. Гъуддаг уой медæгæ адтæй, æма Константин ахур кæнгæй фескъуæлхтæй – искодта еуæндæс æма инсæй операций, æма ин еугурæйдæр фæррæстмæ ‘нцæ!

Æ фиццаг операци Есенифуртæй некæд феронх уодзæнæй. Цуппæрæймаг къурси æй практикæмæ рарвистонцæ Грознамæ. Сæйгæдони хирургæй куста немуцаг силгоймаг. Æвеппайди ку фæссæйгæ ‘й, уæд хирурги агъазгæнæг медицинон хуæрæ имæ æ цæстæ дардта, уотемæй операци искодта æ практикант. Уой туххæй Константини грознайаг газети уацхæссæг ку рафæрсæ-бафæрсæ кодта, уæд ин е æргомæй «басастæй»:

– Фæлтæрдгун хирурги архайдмæ кæсгæй мæмæ операци кæнун æнцон кастæй. Фал кард мæ къохмæ ку райстон, уæд æнай-æнойти рагъуди кодтон: «Мæ рази æй, фæййервæзун кæнун ке гъæуй, цæрун ке фæндуй æма гъæуама цæргæ ка кæна, уæхæн адæймаг». Æма фæннифсгун дæн. Фæййагъаз мин æнцæ, институти ци зонундзийнæдтæ райстон, етæ дæр. Фиццаг операци фæррæстмæ æй. Иннæ операцитæ искодтон фæлтæрдгун хирургти цæстдардæй, æма мин мæ архайдæй аразийæй байзадæнцæ.

Еци хабæрттæ рауагъдонти куститæмæ æрветæг къамиси иуонгтæн радзурдта госпиталон хирургий кафедри сæргълæууæг Гораций Шапиро.

Есени-фуртæн къамиси номæй «тæрхон» рахаста професcор, еумæйаг хирургий кафедри сæргълæууæг (е ма республики æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министр дæр ке адтæй, уой лæхъуæн цæмæдæр гæсгæ нæ зудта) Тæхъулти Тæтæрхъани фурт Урусхан.

Еци рæстæг нæмæ сувæллæнтти хирургий дæснитæ Ростовæй хæстæгдæр нæ адтæй. Уомæ гæсгæ æвæстеуатæй уæхæн хайадæ аразун гъудæй нæхемæ сувæллæнтти сæйгæдони. Бæрнон ихæс æхемæ гъæуама райстайдæ студент Есенати Константин.

Уотемæй хъæхъхъæдойраг биццеу Есенати Константин ис-



ЕСЕНАТИ Константин (галеуæрдигæй) е ‘мгустгæнгути хæццæ. Рахесæрдигæй фиццаг – æ цардæмбал Ларисæ).

***Раздæри хузæн сæ кари гъæзтитæй нæбал фæгъгъазунцæ, сæхе еуварс кæнунцæ се 'мгæрттæй дæр æма хестæртæй дæр… Æма ин уæхæн уавæри ба тæккæ хуæздæр агъазгæнæг ка исуй, уонæй еу æй сувæллæнтти дохтир. Уой агъаз ирæзгæ уод æ зæрдæбæл арфиагæй фæддаруй æ цæргæ-цæрæнбæнтти…***


Константин æма Ларисæ сæ цæуæти хæццæ. Рагон къарæ.

сæй Иристони сувæллæнтти фиццаг хирург. 1956 анзи 1 июни косунмæ рацудæй, сентябри ба байгон æй сувæллæнтти сæйгæдони хирургион хайадæ. Е официалон æгъдауæй уотæ нимад цæуй. Уогæ ба уомæй раздæр, 11 августи, æригон хирург Есенати Константин си искодта фиццаг операци сувæллонæн (хъæрæу хæлорæй). Гъе уотемæй æригон дохтир нæбал фæккастæй, ахури фæсте ин ци бауолæфуни фадуат адтæй, уомæ дæр, æма косун райдæдта.

Берæ хуарз ахургæнгутæ адтæй Есени-фуртæн. Абони дæр ма сæ еци арфиагæй имисуй – Толпарти Константин, Доййати Екатеринæ, Дзилихти Иван, Василий Дибижев æма иннетæй райста хирургæн æнæмæнгæ гъæугæ берæ менеугутæ. Педиатрий дæсниадæ ба ин амудта профессор Æлбегати Дзерассæ.

Уони хуарздзийнæдтæ Константин абони дæр нæ иронх кæнуй, уомæн æма ин сæ алцилæдæрæг цæстингас устур агъаз фæцæй æ идарддæри профессионалон ирæзтæн. Уæди рæстæгути нæ фагæ кодта гъæугæ сæрмагонд литературæ, антибиотиктæ дæр уæд фæззиндтæнцæ æма сæйгæдонæмæ нæма бахъæрдтæнцæ, фал дохтиртæ уæддæр сæ куст аразтонцæ, куд хуæздæр гæнæн адтæй, уотæ. Æригон дохтир ма фæццалх æй наукон-зонадон кустбæл дæр. 1969 анзи каст фæцæй Ленинградий педиатрион мединститути сувæллæнтти хирургий аспирантурæ, багъæуай кодта диссертаци, æма иссæй медицинон наукити кандидат. Берæ æнзти дæргъи лекцитæ фæккастæй Цæгат Иристони медицинон академий. Е студенттæй беретæ усхъæйусхъæмæ фæккустонцæ сæ ахургæнæги хæццæ.

Цийфæнди сæйгæдони косгæй дæр Константин берæ арфитæй фæхххайгин уидæ. Уæлдай хъазардæр ин уиуонцæ, куд дохтир, уотæ æ фиццаг къахдзæфтæ ку кодта, уæд ибæл базуртæ ка басагъта, еци зæрдиаг арфитæ. Берæ хæттити фегъосидæ арфитæ, фал ин аллихатт дæр нæуæг хузи æхцæуæндзийнадæ раттиуонцæ. Сувæллонæн удæнцойнæ искæнгæй æма ниййергути цийни цæстисугтæ фæууингæй, дохтирæй æрбайронх уиуонцæ æ фæллад æма е 'нæхуссæг æхсæвтæ.

Фал мæнæ – мæтъæл гъудитæ дæр: «Аллихатт еухузон нæ фæррæстмæ уй хабар… Æма уæд дохтир дзæвгарæ рæстæг æхемæ нæбал æрцæуй. Лæдæрис æй, дæу фуд си æгириддæр ке неци адтæй, уой, фал уæддæр дæхе дæмис…»

«Районтæмæ – æнтæстгин хирургтæ», зæгъгæ, седт еу рæстæги ку райгъустæй, уæд Есени-фурт дæр рандæй Ирæфи æма Мæхчески районтæмæ, уой фæсте цубур рæстæг ракуста æфсæнвæндагон сæйгæдони æма вагæнттæ цалцæггæнæн заводи травматологий. Æ «райгурæн» хайадæмæ ку 'рбаздахтæй, уæд уой фæдбæл Цæгат Иристони æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министради сæйраг хирург Бесолти Вячеслав уотæ финста: «1961 анзи Есенати Константин нæуæгæй бабæй косун райдæдта Дзæуæгигъæуи сувæллæнтти сæйгæдони хирургий хайади сæргълæуугæй. Еци-еу рæстæг æнхæст кодта республики æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министради сувæллæнтти æнæштатон сæйраг хирурги ихæстæ дæр. Фиццагидæр е райдæдта сувæллæнтти ахургæнæндæнтти профилактикон басгæрститæ кæнун. Æ нисан адтæй, сувæллæнттæмæ æрдзæй рахæсгæ кенæ сæмæ фæззингæ хирургион незтæ ес æви нæ, уой исбæрæг кæнун. Е исаразта, хирурги агъаз ес гъудæй, еци сувæллæнтти диспансеризаций фиццаг карточкитæ… 1967 анзи фиццаг хатт Цæгат Иристони сувæллæнтти дуккаг поликлиникæмæ æхемæ хонун райдæдта хирургий къабази гъæндзийнади хæццæ сувæллæнтти. Аци куст кодта лæвар, сæйгæдони æ косгæ бон ку рахецæн уидæ, уæд…»

Фæндзæймаг къурси студент уогæй, мæйи дæргъи фондз-æхсæз хаттемæй фулдæр æхсæвæ æ хæдзарæмæ ка не 'фтуйидæ, еци лæхъуæн нур бустæгидæр сæйгæдони «æрцардæй», уомæн æма æ агъаз берети гъудæй – уæхæн хайæдтæ æндæр некæми адтæй, æма сæйгæ сувæллæнтти Цæгат Кавказi алли рауæнтæй ластонцæ.

Æвæллайгæ дохтири кустæн уайтæккæ аргъ кæнун райдæдтонцæ фæсарæнти дæр. Еци хабар ибæл исæмбалдæй, 1976 анзи идард Алжирмæ косунмæ æрвист ку 'рцудæй, уæд. Кастæй лекцитæ, искодта берæ операцитæ. Разамунд лæвардта резитанттæн, гъома, дохтири диплом ка райста, фал ма æртæ анзей дæргъи хестæрти цæстдардæй бакосун ке гъудæй, еци райдайгæ дохтиртæн. Фæлварæнтæ раттуни размæ Есени-фурти студентти æрвистонцæ Парижмæ. Сæ десæн ма кæрон кæми адтæй, зундгонд хирург Бернар Дюамель син ци документалон киноникæ равдиста, уомæ ку бакастæнцæ, уæд. Æвдистонцæ Есенати Константин ци операци искодта, уой! Дюамель хъæбæр бацийнæ кодта, устур аргъ кæмæн кæнуй, еци хирурги гъомбæлкæнуйнæгтæ имæ ке æрбафтудæнцæ, уобæл æма не 'мзæнхони æхемæ зæрдиагæй худта. Фал политикон уавæр уæхæн фембæлд исаразуни фадуат нæ лæвардта.

1979 анзи фæстæмæ исæздахтæй Цæгат Иристонмæ æма бабæй æхе хайади косун райдæдта. Æ бийнойнаг Ларисæ (Хадиккати Ахтемури кизгæ) дæр берæ æнзти дæргъи сувæллæнтти дохтирæй фæккуста, уой фæсте ба иссæй рентгенолог. Исгъомбæл кодтонцæ дууæ кизги æма биццеу, æма етæ дæр сæ къахвæдтæбæл рацудæнцæ. Мæдинæ æма Замирæ дохтиртæй косунцæ Мæскуй, Кермен райста ветеринари дæсниадæ. Базмалдæй мадта кæстæрти кæстæрти «академи» дæр – хъæболи хъæболтæ дæр! Есенати фæрнæйдзаг бийнонти хестæртæн уæлдай цийни хуасæ æй, уонæй дæр цалдæремæй дохтири цардвæндаг ке равзурстонцæ, е. Альберт – мануалон терапевт, Аланæ – спортивон медицини специалист, хуæрифурт Луизæ – дæндæгути дохтир. Еци æма æндæр фæнзуйнаг менеугути тухххæй Есенати бийнонти дууæ анзей размæ банимадтонцæ фæндзæймаг Еугуруæрæсеуон конкурси «Анзи хуæздæр бийнонтæ»-йи уæлахездзаубæл номинаци «Уæрæсей сугъзæрийнæ бийнонтæ»-йи æма нур сæ цардвæндаги тухххæй лæмбунæг дзубанди цæуй Националон киунугæ – анзфинсти, иннæ 88 бийнонти æмрæнгъæ.

Амондгун адæймаг æй нæ уарзон дохтир Есенати Константин, уомæн æма, æхе загъдау, кустмæ зæрдрохсæй цæуидæ, хæдзарæмæ ба тагъд кæнидæ. Тавæд æй мадта, ниллæг кæнун ци ирæзгæ удти арт нæ баугъта, е, æ дзилли хуарзæнхæй хайгин уæд кæддæриддæр!

**ТЪЕХТИ Тамерлан**


Сувæллæнтти дохтирæн æхцæуæн куд нæ уодзæнæй, ке дзæбæх кæнуй, еци сабийи æууæнкæ.


Хестæрæн æ зæрдрохс – æ кæстæри кæстæр.

***Цæгат Иристони зæнхæбæл тугъдтити архайæг, 11-аг гвардион корпуси командир, инæлар Иван ХИЖНЯК (1893-1980) æ имисуйнæгти уотæ финста: «Еухатт гъæдрæбун исæмбалдан гъæутæй фæллед-зæг адæмбæл. Æмбурдæй бадтæнцæ цидæр артгонди алфамбулай. Райеудагъ нин æй дзубанди... Еу зæронд лæг мин загъта:***




**Сурх-Дигори алфамбулай тугъдтити советон тугъдонтæй ка фæммард æй, уонæн аци гъæуи бæрæгастæу æвæрд ес номерæн циртдзæвæн.**

# КАРЗ ТОХИ ЦÆХÆРИ



***Цæгат Иристони зæнхæмæ рæстæгмæ æрбайервæзæг немуцаг-фашистон æрдонгти нихмæ тугъдтити архайæг Иосиф Качанов, æфсæддон политикон кустгæнæг, иссеридæ равгæ бонуг финсунæн: исæносон си кодта еци рæстæги карз тугъдтити цаутæ, нæ намусгин тугъдонтæй берети, сæ лæгдзийнæдти æвдесæнтæ. Еци бонугæй абони идарддæр ци хецæн хæйттæ мухур кæнæн, уонæн сæ райдайæн ба кæсетæ нæ газети раздæри номери.***

**11 ноябрь.** Фæсæмбесæхсævæ гиле-ронтæ нæ ротæбæл ралæудтæнцæ мино-меттæй. Уотæ ку нæ фæккæнунцæ æхсæви-гон... Карташов фæстæмæ бафунæй æй, æз æма Волков – нæбал.

Сæумæй фицгаг ирд адтæй, фал уæд-мæ фæззиндтæй цъæх мегъæ. Сæ авиаций архайд син гъигæ даруй. Сæ иннæ æфсад ба никки сабурдæр æй Гизæл æма Санибай фæсте. Айдагъдæр Фиййагдони билæбæл федар æнцæ. Уонæмæ ма æй Дзиуаригъ-æу дæр. Нифферæрттæ кодтонцæ Рассвет. Гъæуама нæ уордæмæ рарветонцæ нæ хе-цаудæ.

Рæфтади фæсте æрбахастонцæ по-чтæ. Газети фицгаг фарсбæл – И.В. Ста-лини доклад Цитгин Октябри социалистон революций 25 анзей тухæй. Æвæстеуатæй æй кæсун роти æмбурди. Нифс! Разæнгар-ддзийнадæ! Æнæмæнгæ фæууæлахез уод-зинан цъамар фашисттæбæл.

**12 ноябрь.** Фæттæ фагæ нæййес. Куст дæр нæййес: фашисттæ нæ бурсунцæ Май-рæмадагмæ.

Æмдзæрийнæ ан автоматчикти хæццæ. Æхсаргин адæм. Етæ нæ равардтонцæ Май-рæмадаг, багъæуай кодтонцæ Сиуари ком.

**13 ноябрь.** Фæдздзурдта нæмæ комбат Руднев. Ци уа? Æндæр рауæнмæ? Хуæрзеу-æг Дзиуаригъæуи тугъдтити тухæй? Рараст дæн Сиуари коммæ, уоми æй командæгæ-нæн бунат. Руднев мин, бригади политхай-адæмæ дæ кæнунцæ, зæгъгæ, бакой кодта.

**14 ноябрь.** Фæссехуар. Политхайадæ. Кошкин нуртæккæ ами нæй. Æ бæсти æй батальони комиссар Ахонин, рацæргæ лæг. Сумгаитæй ардæмæ зонæн кæрæдзей. Ор-ден мин раттуни тухæй дæр мæ е бавдесун кодта.

**15 ноябрь.** Гизæл. Устур ирон гъæу. Немуци си хъæбæр ниддæрæн кодтонцæ махонтæ. Трофейтæ – берæ. Гъæу æй пур-хæ. Фашисттæ си фæцæнцæ айдагъдæр æртæ бони. Фембæлд политхайади хецау Александр Семени фуртмæ. Æстаун брига-ди бæгъатæрти. Рафаэль Хуцишвили, роти парторг, Майрæмадаги тугъди æ фæсте рахудта денгизонти, автоматæй æрфæлдах-та дæс гитлеронемæй фулдæр, уотемæй фæммард æй... Сомехаг Оганезов... Дууæ бонемæ æ дзармадзанæй исрæмугъта æма басугъта 21 немуцаг танки.

**16 ноябрь.** Снарядтæ, минитæ ихæлун-цæ Къардонæй Фиййагдони æхсæн будури. Ротæ Æрхонкæй рараст æй сæумæй цуппар сахаттебæл, фал еу рауæн æрлæудтан – бакæсун гъæуй бонмæ...

Фиййагдони – махуæнттæ, Рассвети – немуц. Устур федæрттæ си исаразтонцæ; танкитæ «ванюшитæ», цалдæр артбата-рейи, дæсемæй фулдæр – уæззау пулемет-тæ, гæрзефтонг адæм – хæрх. Нæ цалдæр нимпурстемæй неци раудадæй. Æма бабæй цæттæ кæнæн нæуæг нимпурст. Немуц æй цума зонгæ бакодтонцæ – æрра æхст кæ-нунцæ гъæу. Уæд мах сæумæй нæбал, фал ниццавтан бони æмбеси. Раздæр рауагътан нæ артиллери, минометтæ, «катюшитæ». Знаг нигъгъос æй. Фæццæуй нæ пехотæ. Немуц хъæбæр æхсунцæ, уæлдайдæр пу-леметтæй... Дууæ нимпурсти ма адтæй уой фæсте, уæддæр нин аци бон фашистти Рас-светæй фæссорун нæ бантæстæй.

**21 ноябрь.** Гизæйлæгтæй еуетæ æздæ-хунцæ сæ ихæлд хæдзæрттæмæ, иннетæ ба ести мортæ сæ хæццæ райсунцæ æма бабæй рандæунцæ коммæ.

Мах æрæнцадан Томайти Ивани хæдза-ри. Ами цæруй е 'нсувæри бицщеу Эльбрус. Е тугъди адтæй фицгаг бонæй фæстæмæ, Харькови 'рдигæй, сахар Змиеви бунмæ фæццæф æй, гъосæй хуарз нæбал игъосуй. Еци рауæн тухтæн æз дæр а уалдзæги, мæ-нæн дæр си минæй мæ къах фæццæф æй. Эльбруси хæццæ фæхххæлар ан. Нерæнгæ ма цæуй къулух, госпиталæй куд рацудæй, уотæ.

Пеци арт бандзарста, кæмити хусдзи-нан, уони нин байамудта, мæнæн – æд гобан хуссæн.

Изæрæй нæмæ æрбацудæй Иван Алек-сандри фурт. Борзакъæ зæронд лæг. Æ хæццæ æ кизгæ Любæ, æ хуæрæ Серафин æма ма сæ хæстæгутæй дууæ – Надя æма Мæдинæ. Серафинбæл цæудзæнæй дууин-сæй анземæ хæстæг, æй идæдзæ, æ хæд-зарæ ин немуц басугътонцæ, æ гъог ин бай-стонцæ. Е 'ртæ сувæллони адтæнцæ гъæди римæхст иннæ адæми хæццæ æма имæ æн-гъæлмæ кастæнцæ. Мæдинæ адтæй хуæр-зæригон, кондгин кизгæ. Е дæр – киндзицуд, рацардæй æртæ мæйи, æ лæги ин тугъдмæ ракодтонцæ, неци хабар ма си райста.

Æнæгъæнæ бон Эльбрус дамбацайæй мæргътæ цагъта æма æфсæддонтæ карк-фицæн кодтонцæ. Иссирдта арахъ æма изæ-рæй фæдздзурдта мæнмæ, Лютыймæ æма Карташовмæ. Мах еци уæззау тугъдтити фæсте арæхсгæ дæр нæбал кодтан уæхæн æгъдауи фингæбæл бадунмæ, нæ зæрдæ нирроxс æй, уæхæн хуарз адæми – ирæнтти «къохмæ» бахаугæй. Хумæтæги ирон бий-нонтæ нæ рæвдудтонцæ æма нæмæ уотæ кастæй, цума нин нæ гъезæмæрттæ хинцуй æнæгъæнæ Райгурæн бæстæ.

Берæ фæббадтан. Нури уæнгæ æз ирæнтти хæццæ некæд исæмбалдтæн. Хъæбæр ездон адæм æнцæ, хуарз зæрди хецау. Устур патриоттæ. Иристойнаг тугъ-донтæ бæгъатæрæй тох кæнунцæ Уæрæ-сей, Украини, сахартæ Мæску, Ленинград, Воронеж æма Сталингради алфамбулайти. Се 'скъуæлхтдзийнæдти хабæрттæ син игъ-осун ахидæй-ахиддæр.

Эльбруси хæццæ æнсувæрти хузæн иссан. Æ кой ин ракодтон Овсеневæн дæр. Бахудтон æй Томайтæмæ. Мæ цъухæй не-цима исхаудтæй, фал мæ Эльбрус балæ-дæрдтæй: мæн фæндуй, цæмæй комисса-рæн фингæ æрæвæра. Æма, æцæгæйдæр, уайтæккидæр фингæ рарæвдзæ 'й.

Томайтæмæ æрбауайуй еу уруссаг уосæ – Валентинæ, Волоколамскæй. Эваку-аций æй æ минкъий кизги хæццæ. Æ лæг æй тугъди, неци бæрæг си ес. Ирæнттæй хъæ-бæр боз æй е дæр.

**22, 23 ноябрь.** Хуæздæр базонгæ ан ирæнтти фæнзуйнаг æгъдæутти хæццæ.

**24 ноябрь.** Зæрдæхцæуæн хабæрттæ игъусуй Сталингради фронтæй: знаг цæгу-ати бахаудтæй. Базуртæ нæбæл базадæй, аразæн митингтæ, игъусуй нæ тугъдонти, сержантти, афицерти нифсгун гъæлæс. Ард хуæрунцæ: дувæр, æртивæр хъаурæй цæвдзæнæнцæ Кавказмæ æрбалæборæг знаги!..

**25 ноябрь.** Люби фидæ Томайти Иван исахур æй æ иуазгутæбæл. Хъæбæр хуарз лæг æй. Сæ еугур бийнонтæ дæр уотæ. Зæрдибунæй ауодунцæ советон æфсæд-донтæбæл. Къæсæрæй бахезæ, уомæй уæлдай ба дин сæ фæстаг комидзаг дæр ратдзæнæнцæ.

Изæрæй – политкосгути æмбурд Кош-кинмæ Сталингради цаути фæдбæл. Зæр-дрохс, хуарз гъуддæгутæ!

**26 ноябрь.** Зæронд комиссар Овсене-ви æййевунцæ корпуси резервмæ. Фæн-дадтæй нæ зæрдибунæй радзубанди кæ-нун, нифс мæ адтæй Эльбрусæй, æма 'й бахудтон уордæмæ. Игъæлдзæгæй бабæй нæбæл исæмбалдæй. Радзурдта нин, гъæ-уи адæм еугурæйдæр гъæди ку адтæнцæ, уæд е еунæгæй куд байзадæй гъæуи немун-ци рæстæги, уати куд бафунæй æй, уæдта «катюшити» нæрунмæ хæрдмæ куд фес-хъиудтæй æма æ тæрних цæгиндзæбæл куд ниццавта, уони.

Овсенев рандæй, æз æма Эльбрус нæ зудтан, ескæд ма ибæл исæмбæлдзинан, уой.

Фæууидтон Кошкини. Устур уарзон лæг мин æй Александр Семени фурт. Æууæндуй мæбæл. Загъта мин, исон бригади хæйттæ Рассветмæ нимпурсдзæнæнцæ. Рагъуди кодтон: «Нур цалæймаг хатт? Аци атакæ ку фæррæстмæ уайдæ...»

**27 ноябрь.** Æхсæвæ-бонмæ æзмал-дæнцæ, сæ бунæттæ ахæстонцæ техниктæ, адæм. Нур – артиллерий æмгуппитæ. 30 ми-нуттей дæргъи æмгупп кодтонцæ дзармад-зантæ, уæдта арвбæл фæззиндтæнцæ нæ бомбæгъзалгутæ æма штурмовиктæ. Рас-светæй сæ немуци зениткитæ æхстонцæ, фал неци... Уалинмæ исистадæнцæ тохæг æфсæддон хæйттæ. Тухгин нимпурст. Аци хатт дæр бабæй нифферар æй знаг, нæ райстан Рассвет.

**28 ноябрь.** Уæлдæр хецауадæ нин ба-ладæрун кодтонцæ: аци нимпурститæн ес устур нисанеуæг. Уадзæ, æма гитлеронтæн ма уа ардигæй Сталинградмæ, цæгути син ка бахаудтæй, еци æфсæдтæн агъаз ба-гæлдзун. Уадзæ, æма уинонцæ, не 'фсади тухæ Кавказаг фронти ке нæ кеуй.

Бантæстæй гъæугæрон цалдæр хæдза-ри байсун. Фал бабæй раздахтан нæ раздæ-ри позицитæмæ.

Зæрдрохс уацтæ цæуй Сталингради фронтæй.

**29 ноябрь.** Фашисттæ уæззау дзармад-зантæй æхсунцæ Æрхонкæ. Политхайади азгъунсти къæрæзгитæ æрæгъзалдæнцæ. Карташов адтæй Гизæли, хуарз æй фæууид-та Эльбрус, æ хæццæ ин ниввардта арахъи авгæ.

Адтæн акъоппити. Æфсæддонтæ æл-гъетунцæ артиллеристти, атаки размæ не-муци федæрттæ ниппурхæ кæнун сæ къохи ке не 'фтуйуй, уой тухæй. Цæуй уæхæн дзу-банди дæр: нæ дзармадзантæ ку 'скосунцæ, уæд немуц сæ тохæн бунæттæй фæстæр-дæмæ раледзунцæ æд пулеметтæ, рагацау ци цæуæнтæ искъахтонцæ, уобæлти, уæдта бабæй – нæ атаки хуæд размæ – фæстæмæ æрбадунцæ сæ федæртти.

Минæхсæг роти фæууидтон Волкови, Ермолаеви, Ефимови, Комарови, Алахвер-дяни, Мнацаканови. Кадæртæ сæ бийнон-тæй райстонцæ финстæгутæ. Анищенко æма Плакса æнцæ мæтъæл – сæ райгурæн гъæутæ син байахæстонцæ немуц.

Лæхъуæнти хæццæ бахуардтон къæ-бæр. Ирон бийнонти хæццæ исхæлар æнцæ а гъæуи дæр, æма син хунтæ хæстонцæ.

**1 декабрь.** Зумæги фицгаг бон. Цæгат Иристони мах хузæн уазал нæй. Изæрæй æрæмбурд ан политхайади. Кæнун мæ нæ-уæг куст – гæгъæдитæ финсун æфсади по-литхайадæмæ.

Афицертæн равардтонцæ нæуæг цин-тæ: Кошкин – дæлболкъон, Ахонин – майор, Фрейдман, Устиловский æма Хлесов – хе-стæр политруктæ æма капитантæ, æз æма Дребеденев ба – хестæр лейтенанттæ.

**2 декабрь.** 34-аг сæрмагонд æхсæг батальони ракодтонцæ тугъдæй æма 'й ра-вардтонцæ корпуси командири резервмæ. Айдагъдæр артдивизион ниуугъттонцæ.

Устур ирон гъæу Ногир. Агорун корпуси газети косгути. Уоми нæ разиндтæнцæ, фал фæууидтон Овсеневи. Майори цин райста æма æй игъæлдзæг.

**Кæрон.**
**Райдайæн 4-аг номери, 17 феврали.**

**Цуппар æма авдинсæй анзей размæ (1878 анзи) Болгари уæгъдæгонд æрцудæй турккаг цагъари уавæрæй. Еци арфиаг гъуддаги архайдтонцæ Иристо-ни тугъдонтæ дæр.**

*БАЙАТИ Гаппо (1869-1939), зундгонд æхсæнадон архайæг, рохситауæг: «Скъола æма адæми 'хсæн æнгон æма еудадзуг бастдзийнадæ нæ адтæй... Скъоладзаутæ ахур кодтонцæ айдагъ уруссаг киунугути фæрци. Нуртæккæ ма сауæнгæ рагон славяйнаг æвзаг дæр ахур кæнунцæ. Уотæ æнгъæлунцæ, æма славяйнаг тексттæ кæсгæй, ирæнттæ*




# АХУРАДИ РОХС БÆРЗÆНДТÆМÆ ФÆСЕВÆДИ РÆСТВÆНДАГ КОДТА

*Мæнæ уæ абони Мæцути астæуккаг скъолай туххæй ци æрмæги хæццæ зонгæ кæнæн, е ма нæ газети кæддæр (2006 анзи) адтæй мухургонд. Фал æй уæддæр нæуæгæй ба уомæн æримистан æма, еуемæй, уæд хабæрттæ бустæги бæлвурдгонд ке нæма æрцудæнцæ, уомæ гæсгæ ба си цидæр æнæрастдзийнæдтæ райервазтæй, æма сæ исраст кодтан. Еци гъуддаги нин фæййагъаз кодта фæллойни ветеран **Цопанти Валерий.** Иннемæй ба нури фæлтæртæй, уæлдайдæр ба æригæнттæй, беретæн евгъуд рæстæгути цаутæ зундгонд дæр нæ 'нцæ. Уотемæй ба сæ æнæмæнгæ зонун гъæуй, цæмæй фæлтæрæй-фæлтæрмæ иронхгонд ма цæуонцæ, нæ абони цардиуагæ кутемæй æма цæбæл æнцойнæ кæнгæй райрæзтæй, абони нæмæ хумæтæг ка кæсуй, еци ахсгиаг гъуддæгутæ ке уодуæлдай хъиамæти фæрци арæзт цудæнцæ, уой хестæрæй-кæстæрæй гъæуама зононцæ.*

***

Иристони фæсевæди цардиуаги Æрæдони духовон семинари ци бунат ахæста æма цæйбæрцæбæл агъазиау лæггадæ бакодта ахуради тонхи рацæунæн, уой, Дигоргоми фæсевæдæн ба, сæрмагондæй райсгæй, бакодта Фæснæли астæуккаг скъола.

Скъолайæн ес æхе анзфинст. Арæзт æрцудæй советон цардиуагæ Цæгат Иристони евгъуд æноси 20-аг æнзти ку æрфедар æй, уæд. Æрбунат кодта, революций размæ Терки акционерон æхсæнадæн Фæснæли ци æзгъæринсæн фабрикæ адтæй, уой азгъунсти. Зундгонд куд æй, уотемæй фабрикæ пурхæгонд æрцудæй 1905 анзи кæрони.

Уæд фабрики куст æрлæудтæй, æ хецæуттæ ин æ мулк уæрдунтæй ластонцæ, фал дорæй арæзт хæдзæрттæ-корпустæ ба куд æма кумæ фæлластайуонцæ?..

Уæди рæстæгути советон паддзахадæ, хъæбæр устур æргом æздахта адæми ахуради, культури фарстатæмæ. Æма куд алкæми, уотæ хуæнхбæсти арæзт цудæй скъолатæ, кæцити фæрци фæсевæдæн фæззиндтæй равгитæ райдайæн æма астæуккаг ахурадæ райсунæн.

Раст зæгъгæй, Дигоргоми уой размæ дæр фæззиндтæй райдайæн (дууæкъласон) скъолатæ Мæхчески, Уæллагкоми æма Стур Дигори. Фал етæ фæсевæди изолдæр ахурадæмæ турнундзийнадæй æгæр фæсте райзадæнцæ. Рæстæги домæнтæмæ гæсгæ æнхæстæй дзуапп нæ лæвардтонцæ.

Дигоргоми ахуради гъуддæгутæ райаразунбæл æновудæй ка архайдта, уонæй еу адтæй Цопанти Микъолоз, æма æ имисуйнæгти куд финста, уотемæй Фæснæли революций размæ дæр адтæй скъола. Хундтæй «Фаснальское высшее начальное училище». Микъолоз си æхуæдæг дæр уруссаг æвзаг æма литературæ ахургæнæгæй куста 1915 анзæй 1920 анзи уæнгæ. Раст зæгъгæй, еци скъола ци бундорбæл арæзт адтæй, уæдта куд куста, уой туххæй ба нин нерæнгæ неци бæлвурддæр базонун бантæстæй – æвæдзи, архивтæмæ æркæсун гъæуй.

Раздæри рæстæгути ахуради гъуддæгутæ фулдæр рауæнти арæзт цудæнцæ аргъауæнти хæццæ дууæкъласон скъолати. Зæгъæн, Уæллагкоми зилди саугин Цопанти Едзай фурт Николай æма Гокъоти Гаспо Дунти гъæуи цæргути исразæнгард кодтонцæ Къусрати хæдзæрттæ балхæнунбæл, цæмæй си скъола игонгонд æрцудайдæ. Еци фарстай фæдбæл Мæскуй дæр ма балæудтæнцæ, æма сæ хæццæ исхастонцæ æхцæуæн хабар: «Нæ фæсевæдæн ес скъола!..» Дунти цæргутæ имисиуонцæ, се скъолай 20-аг æнзти ахургæнæгæй ке куста нæ номдзуд поэт Багъæрати Созур дæр, уой.

Зæгъун гъæуй уой дæр, æма революций размæ цийфæнди зин уавæрти дæр хуæнхаг фæсевæдæй еуæй-еуети къохи бафтудæй зингæ уæлдæр ахургонддзийнадæ райсун. Зæгъæн, уæлдæр ке кой ракодтан, Цопанти Николай каст фæцæй Æрæдони духовон семинарий, уæдта Хъазани сахари императори духовон академи, æ фиди æнсувæри лæхъуæн, Цопанти Микъолоз (Николай) Асламурзай фурт ба Мæскуй коммерцион институт 1915 анзи, революционер Арсæгти Горга – Дзæуæгигъæуи реалон училище, Дзилихти Феня – кизгутти ездондзийнади институт, уотæ Дзилихти Иван ба райста медицинон ахургонддзийнадæ, иссæй зундгонд хирург.

Ахургонддзийнадæ ка райста, уæхæн адæймæгутæ Дигоргоми адтæй алли гъæуи дæр. Стур Дигори – Будайти Дзамболат, æ фурт Алексей, Гетъоти Дафа, Беслæн, Задæлески – Бæзити Геуæрги, Бидолæ, Æхсæуи – Сарахъати Тазе, Фæрæскъæтти – Темирати Тазе, уой бафæнзтонцæ æ фурттæ Додтий æма Данел, Гулæри – Етдзати Гæбули.

Кадгин æма ахургонд афицертæ Цохъти Саулæг, Гуссаути Харитон, Дунти райгурдæй æма цардæй Иристони зингæдæр фингутæй еу – Къосирати Сæрмæт. Игъустгонд адтæй сæ ном: Езети Андрей, Мамукъати Моисей, Тахойти Геуæрги, Атайти Соломон, Цопанти Иосиф, Кудзойти Максим, Гетъоти Хадзеумар, Цæллати Харитон, Зæгæлти Геуæрги. Уони фæдонтæ: Бузойти Тъох, Бæлæути Дауит, Найфонти Сергей, Кæлухти Елхъан, Миндзайти Къала, Цæллати Слангерий, Тамати Мухарбек, Хохти Михал, Мæхæмæт, Аркъаути Данел, Худæлти Илас, Тауитти Дрис, Беза, Хохойти Николай, Митдзити Тазæрет, Дзилихти Инал, Дзоблати Гæмæрзæ, Хъамболти Алибек, Хадати Берди, Арсæгти Данел, Тагъати Данел, Тазæрет, Цопанти Тамарæ æма берæ æндæртæ. Сæ еугурей фæннимайунæн нин равгæ нæййес. Се 'хсæн адтæй ахургæнгутæ, дохтиртæ, инæлартæ, зингæ æхсæнадон косгутæ, разамонгутæ. Уотæ зæгъæн нæййес, æма уони тæвагæ, уони хъæппæрес не 'сбæрæг æй сæ фæсте ирæзгæ фæлтæртæбæл. Баруагæс уи уæд, етæ адтæнцæ уонæн раздзæуæг, ахурмæ, рохсæрдæмæ над амонæг. Уонæй æма берæ иннæ уæхæнттæй алкедæр адтæй сæрмагонд надбæл хуæст æма цæуæг. Фал уонæй уæлдай ахсгиагдæр ихæс æнхæст кæнун ба æрхаудтæй Цопанти Микъолозмæ – нисангонд æрцудæй 1929 анзи Фæснæли ци 2-аг къæпхæни астæуккаг скъола байгон æй, уой директорæй.

Уæдмæ Цопани-фурт адтæй фæлтæрдгун ахургæнæг æма ахуради разамонæг. Бакуста Къæмунти скъолай сæргълæууæгæй, уæдта Синдзигъæуи астæуккаг скъола нæуæг бæрзонддæр къæпхæнмæ исесунмæ. Аразтонцæ гъæугæ мадзæлттæ скъолай ахури фарстатæ нивæбæл ниввæрун, уони уæлæнхасæн ба лухгонд цудæй, ахургæнгутæ ке нæ фагæ кодта, еци фарста дæр.

Микъолоз айдагъ скъолай хецау æма уруссаг æвзаги дæсни разамонæг æма ахургæнæг нæ адтæй. Куд æ еци куститæмæ гæсгæ, уотæ ма ин Дигоргоми цæргутæ æма æхсæнадæ бæрзонд аргъ кодтонцæ куд рохсади организатор, фæсевæди фæллойнадон гъомбæлгæнæг. Фæснæли скъола иссæй политехникон. Адтæй си бæхтæ, галтæ, уонæн сæ рæвдзитæ, мæнæуæ æма картофи зæнхитæ. Етæ кустгонд цудæнцæ скъоладзаутæ æма ахургæнгутæн сæхе хъауритæй – уой дæр Микъолозæн æхе æвæлмæцгæ архайд æма разамунди фæрци.

Уæдмæ скъолай медæгæ игонгонд æрцудæй æмдзæрæн – Донифарс, Задæлескæ, Æхсæуæ, Стур Дигорæ, Гулæр, Нæуæггъæу, Одола, Москæ, Дзинагъа æма иннæ изолдæр гъæутæй ардæмæ ахур кæнунмæ цæуæг фæсевæдæн. Дигоргоми уæди еунæг астæуккаг скъолай ахур кодтонцæ Кæлух, Æхсæрисæр æма æндæр будуйраг гъæути фæсевæди минæвæрттæ дæр. Скъолайæн æ равгитæ куд амудтонцæ, ци фæрæзнитæ си адтæй, уомæй син агъазгонд цудæй, цæмæй æнæкъулумпитæй сæ ахури гъуддаг кодтайуонцæ. Æмдзæрæни æной ма син Микъолоз байгон кодта хуæрæндонæ дæр.

